ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№97 (24.223) ● 2021 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 14, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



# Курыт еджапІэм къыщежьа олимп чемпионыгъэ

**Нобэ Физкультурникым и махуэщ. Абы ирихьэлІэу Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимиррэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ Іэ щІадзащ физкультурэмрэ спортымрэ зи цІэр фІыкІэ щыІуахэр зэрагъэлъапІэ унафэхэм.**

ТОКИО щекІуэкІа XXXII Гъэмахуэ Олимп джэгухэм къыщыхэжаныкІахэм къэрал дамыгъэхэр етыным теухуа указым Президентым щигъэпэжахэм ящыщщ «Зэныбжьэгъугъэм и орденыр» зыхуагъэфэща ди лъахэгъу цІэрыІуэ Ласицкене (Кучинэ) Марие. Лъагэу дэлъеинымкІэ цІыхубзхэм я зэпеуэм ар Японием и къалащхьэм чемпион щыхъуащ.

Указым къызэрыщыхэщымкІэ, дамыгъэ лъапІэр абы кърататщ «хэкум спортым зыщегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІам, ехъулІэныгъэ инхэр зэрызригъэгъуэтам, Токио (Японие) щыІа XXXII Олимпиадэ-2020-м текІуэныгъэм ерыщу зэрыщыхущІэкъуам, быдагъэрэ ерыщагъэрэ къызэрыщигъэлъэгъуам къыхэкІыу».

Иджыпсту дызэрыгушхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуа икІи зыщызыгъэса олимп чемпионкэ, щэнейрэ дунейпсо зэхьэзэхуэхэм щытекІуа Ласицкене Марие здынэса лъагапІэ инхэм къежьапІэ хуэхъуар Прохладнэ дэт курыт еджапІэхэм ящыщ зыщ. Физкультурэмкіэ и егъэджакІуэу абы щылажьэ Габрилян Геннадий сабийхэм ядригъэкІуэкІ урокхэм псынщІэу гу щылъитащ адрейхэм и инагъкІи зэфІэкІкІи къахэщ хъыджэбз псыгъуэ цІыкІум. КъыщызэдэжэкІи, лъагэу щыдэлъейкІи, нэгъуэщІ дерсхэмкІи ар псоми фІыкІэ къахэщырт. Нэрылъагъут Марие спорт зэфІэкІ лъагэ къызэрыкъуэкІыфынур. Абы папщІэ ерыщу дэлэжьэн хуейт. А Іуэхугъуэ мытыншыр и пщэ дилъхьэжащ физкультурэмкІэ егъэджакІуэ къызэрыгуэкІ Габрилян Геннадий икІи, зэман дэкІри, щыгуфІыкІыжащ: тренерми абы и гъэсэнми дунейпсо цІэрыІуагъ ягъуэтащ.

Ди къэралым нобэ щагъэлъапІэ Физкультурникым и махуэр ехьэлІащ цІыху мелуанхэм. Школ спортзалхэмрэ секцэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэщ къежьапІэ яхуэхъур дэтхэнэ олимп чемпионми дунейпсо рекодхэр зыгъэувми. Нобэрей ныбжьыщІэхэращ пщэдей къэралым и щІыхьыр зыІэтынур, Къардэн Мурат, Хъущт Аслъэнбэч, Мудрэн Беслъэн, Махуэ Билал, Ласицкене Марие, адрей ди лъахэгъу цІэрыІуэхэми яхуэдэу.

## Фыдогъэблагъэ!

**Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизион ЕплІанэ джэгугъуэ**

***«Спартак-Налшык» - «ЕсэнтІыгу» (Ставрополь) Налшык. «Спартак» стадион. ШыщхьэуІум и 15. Сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 30-м.***

## «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщІэ

**ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!**

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - фокІадэм (сентябрым) къыщыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ ІуэхущІапІэми.

Мази 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 466-рэщ.

Ди индексыр П 5894

# КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Сату-промышленнэ палатэм и журналым интервью иритащ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек драгъэкІуэкІа интервью къытрадзащ Урысейм и Транспорым и лэжьакІуэхэм я зэгухьэныгъэмрэ УФ-м и Сату-промышленнэ палатэмрэ къыдагъэкІ «Дороги и транспорт» журналым бадзэуэгъуэм дунейм къытехьа и зи чэзу номерым.**

КІуэкІуэ Казбек тхыгъэм щытопсэлъыхь республикэм и зыгъэпсэхупІэхэр фейдэ къату гъэлэжьэным хуэгъэзауэ къагъэсэбэп хэкІыпІэхэм, транспорт инфраструктурэр зэрызэтеухуамрэ къэрал кІуэцІ туризмэм зэрызрагъэужьымрэ. Псом япэрауэ, Іэтащхьэм и гугъу ищІащ зи бгы лъагэ зыгъэпсэхупІэхэмрэ къежэхыпІэхэмрэ зегъэужьыныр къэрал къалэну щыгъэува Іуащхьэмахуэ щІыналъэм и Іуэху абыкІэ зыІутым. Іуащхьэмахуэ лъапэ щагъэувакІэщ Урысейм щынэхъ лъагэ дыдэ кІапсэ гъуэгур, бгым къызэрежэхыну гъуэгущІэхэр ящІ, щІыналъэм зыщызыгъэпсэхухэм я бжыгъэр иужьрей илъэсихым къриубыдэу хуэдитІым щІигъукІэ нэхъыбэ хъуащ.

«Мы зэманым щІадзауэ иджыри кІапсэ гъуэгуитІ яухуэ. Абыхэм лыжэрэ сноубордкІэ бгым къежэхынухэр иридэкІынущ метр 3515-рэ хъу лъагапІэм нэс. Ауэ дэ Іуащхьэмахуэ лъапэ зедгъэужь къудейкІэ Іуэхур зэфІэдгъэкІыркъым. Туризмэм зегъэужьыным къызэщІыдогъэубыдэ Шэрэдж, Іуащхьэмахуэ, Дзэлыкъуэ щІыналъэхэри», - къыхигъэщащ КІуэкІуэм.

Абыхэм нэмыщІ, республикэм и Іэтащхьэм и интервьюм щытепсэлъыхьащ къалащхьэм и аэропортым зэхъуэкІыныгъэхэр щегъэкІуэкІыным ехьэлІа лэжьыгъэхэми. Абы папщІэ зэгурыІуэныгъэ иращІылІащ «Новапорт» холдингым, апхуэдэуи «Шынагъуэншэ, фІагъ лъаги зиІэ гъуэгухэр» лъэпкъ проектым хыхьэу зэфІагъэкІ лэжьыгъэхэми къытеувыІащ. КІуэкІуэм зэрыжиІамкІэ, республикэм зыхуей хуэзэу щызэрагъэпэщыжащ гъуэгу километр 230-рэ, мыбдежым гулъытэ хэха щыхуащІ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным: гъуэгухэр тэмэму къэгъэнэхуным, Іуфэхэм къэухьхэр щыгъэувыным, лъэс зэпрыкІыпІэхэр зэІузэпэщ щІынымрэ гъуэгум къыщекІуэкІ псори зытхыну Іэмэпсымэхэр гъэувынымрэ.

ЩІыналъэ проектхэр гъэзэщІэным щІыналъэхэр зэрехъулІэр щызэпалъытым наІуэ къызэрыхъуамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр гъуэгухэр ухуэнымкІэ къэралым щынэхъыфІ щІыналъитхум ящыщу къалъытащ.

***КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.***

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр яфІэщыным и ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

***Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьыным, щІэблэр гъэсэным хуащІа хэлъхьэныгъэм, илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр яфІэщын***

**Ксанаев Алим Хьэдис и къуэм** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и командэ къыхэхахэр гъэхьэзырынымкІэ центр» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэм и унафэщІым и къуэдзэм

**Проценкэ Людмилэ Пётр и пхъум** - «Олимп зэпеуэхэм хэмыт спорт лІэужьыгъуэхэмкІэ спорт школ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэм и унафэщІым и къуэдзэм

**Тау Сэфарбий Аслъэнбий и къуэм** - «Олимп зэхьэзэхуэхэм щыхуагъэхьэзыр спорт школу Ныр С. Хь. и цІэр зезыхьэр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэм и унафэщІым

**Хьэпэ Заур Залымджэрий и къуэм** - «Локомотив» футбол клуб» акционер зэгухьэныгъэм и «Локомотив» футбол командэм и гъуащхьэтетхэм я гъэсакІуэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ**
**КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм шыщхьэуІум и 5-м*
*№92-УГ*



# ШыщхьэуIур иухыху къыхэтхыкIыр екIуэкIынущ

**Ди газетым зэрытетащи, мы мазэм и пэм щIидзауэ Урысей псом щокIуэкI мэкъумэш IэнатIэм и къыхэтхыкIыныгъэ цIыкIур. Ар къызэгъэпэщауэ щокIуэкI Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэми.**

КЪЭРАЛ статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щиIэ управленэм и унафэщIым и къуэдзэ Гъащтэ Аурикэ зэрыжиIамкIэ, къыхэтхыкIыныгъэ цIыкIур иджы япэу къызэрагъэпэщауэ аращ. Абы и щхьэусыгъуэр илъэсипщIым зэ екIуэкI къыхэтхыкIыныгъэм и пIалъэр зэрыкIыхьым къыхэкIыу, илъэситху къэс апхуэдэ зы къэпщытэныгъэ пщIыныр нэхъ щхьэпэу къызэралъытарщ. Мэкъумэш къыхэтхыкIыныгъэ цIыкIум и къалэн нэхъыщхьэр зи гугъу тщIы IэнатIэм щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэр къэхутэнырщ, ар иужькIэ сэбэп мэхъу мэкъумэш IэнатIэм зэрызрагъэужьыну жыпхъэхэр щаубзыхукIэ.

- Дэ иджыпсту едгъэкIуэкI лэжьыгъэм мэкъумэш IэнатIэр, къанэ щымыIэу, къызэщIеубыдэ. Къэтпщытэнущ мэкъумэш организацэхэр, фермер IуэхущIапIэхэр, уней хьэрычэтыщIэхэр, хадэхэр, пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкI щащIэ губгъуэхэр, нэгъуэщIхэри, - жиIащ Гъащтэ Аурикэ. - КъыхэтхыкIыныгъэр къыдэхъулIэнрэ къыдэмыхъулIэнрэ зэлъытар къуажэдэсхэр, лэжьакIуэхэр къызэрыдбгъэдэт щыкIэрщ.

Дэ мылъкур къэзыбж, къэзыпщытэ къулыкъущIапIэхэм дащыщкъым, къыджаIэ бжыгъэри къытедгъэзэжу къэтпщытэжынукъым. Дэ ди къалэныр цIыхухэм яIэу къагъэлъагъуэр ттхынращ. Мы къыхэтхыкIыныгъэм цIыхухэр щIыщыщынэни щIригузэвэни щыIэкъым. «Росстат»-м зэхуихьэс хъыбархэр зы къэрал IэнатIи иритыркъым, республикэм щыщыIэ щытыкIэр къращIэу езыхэм яIэ бжыгъэу аращ.

УнафэщIым зэрыжиIамкIэ, республикэм и мэкъумэш IэнатIэм еужьэрэкIыу зеужь, мис ар IупщIу къигъэлъэгъуэн хуейщ къыхэтхыкIым.

ШыщхьэуIум и 1-м щегъэжьауэ республикэм и район псоми щолажьэ «Северо-Кавказстат»-м и лIыкIуэхэр. ЦIыху 240-м унащхьэ чэзууэ республикэр къызэхакIухьынущ икIи щIы, былым, хадэ, губгъуэ щIапIэу яIэр ятхынущ. Ахэр зэхуэзыхьэс цIыхухэм планшет яIыгъщ, лэжьыгъэр ящигъэпсынщIэу, зэманыр къахудигъахуэу, езыхэр къызэрыпцIыху фащэкIэ хуэпащ, «Роспотребнадзор»-м къигъэув мардэхэр ягъэзащIэ. Электроннэу зэхуахьэса бжыгъэхэр махуипщIым зэ флешкэм тратхэри, щылажьэ щIыналъэм щыIэ лIыкIуэм ират. КъыхэтхыкIым щызэхуахьэс хъыбархэмрэ бжыгъэхэмрэ зратхэм цIэи унэцIи теткъым, ахэр нэгъуэщI зы IуэхущIапIи яIэрыхьэркъым.

Гъащтэ Аурикэ къызэрыхигъэщамкIэ, мыпхуэдэ къыхэтхыкIхэр дяпэкIэ нэхъ тыншу зэфIагъэкI хъунущ, «Росстат»-м дронхэр къигъэсэбэпынущи. Мы гъэми, къыхэтхыкI цIыкIум ирагъэхьэлIауэ, Урысейм и щIыналъэ зыбжанэм а Iэмалыр къыщагъэсэбэп.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэм ипкъ иткIэ, къыхэтхыкIыныгъэ цIыкIум сыт и лъэныкъуэкIи хуэхьэзыру пэрыхьащ «Северо-Кавказстат»-м и къудамэу КъБР-м щыIэр. ЩIыналъэ 13-м къэпщытакIуэхэр къыщыхахащ, ахэр я къалэным хуагъэсащ. Абыхэм мы мазэм къапщытэн хуейщ уней хадэу 114566-рэ, фейдэ къегъэщIыным емыпха цIыхубэ зэгухьэныгъэу 140-рэ, мэкъумэшыщIэ-фермер IуэхущIапIэу 4940-рэ, мэкъумэш организацэу 1753-рэ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, къыхэзытхыкI зы цIыхум и пщэ къыдохуэ объект 480-рэ, ар ику иту махуэм 16 мэхъу. ЦIыху 240-м къыхатхыкIар инструктор 40-м ябжыжынущ. Операторхэри абы хэтыжмэ, къыхэтхыкIыныгъэ цIыкIур цIыху 308-м зэфIагъэкIынущ. КъыхэзытхыкIхэм мы мазэм зэрылэжьам папщIэ улахуэу сом мин 18 иратынущ, инструкторхэм - сом 18.500-рэ.

Мэкъумэш IэнатIэм и къыхэтхыкIыныгъэ цIыкIур шыщхьэуIум и 30 пщIондэ екIуэкIынущ. КъыхатхыкIахэр фокIадэ мазэм инструкторхэм ябжыжынущ, къэрикIуахэр 2021 гъэм и кIэм, 2022 гъэм утыку кърахьэнущ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# СНГ-м хыхьэ къэралхэр ди дэIэпыкъуэгъуу



**Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир УФ-м и Правительствэм пщэрылъ щищIащ ерыскъыхэкIхэм я уасэр дэмыуеин папщIэ СНГ-м хыхьэ къэралхэм я мэкъумэшхэкIыр ди деж кърагъэшэну. Иджы Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъущIапIэм и къалэнщ хадэхэкIхэм, пхъэщхьэмыщхьэхэм, мэкъумэш IэнатIэм къыщалэжь ерыскъыпхъэхэм я уасэр щIипщытыкIыну, сату щIыпIэхэр и нэIэ щIигъэтыну.**

ПУТИН Владимир ищIа унафэм хэтщ, цIыхухэм япэIэщIэу щымытын щхьэкIэ, бэзэрхэм, жармыкIэхэм, ерыскъы щапIэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ ящIыну. Апхуэдэуи къэрал Iэтащхьэм жеIэ мэкъумэшым елэжьхэм къэрахьэлIэр зэращэн Iэмал къахузэгъэпэщын хуейуэ.

Нэхъ пасэу Президентыр щыхьэт техъуащ Урысейм шхын уасэр зэрыщыхэхъуам. «Нобэ нэхъ дызыгъэпIейтейхэм ящыщщ къызэрыгуэкI хадэхэкIхэм, «борщым халъхьэкIэ» дызэджэм я уасэр зэрыдэкIуеяр, куэд щIакъым абы дызэрытепсэлъыхьрэ», - жиIащ Путин Владимир.

Урысей гуэдзхэкI зэгухьэныгъэм (РЗС) АналитикэмкIэ и департаментым и унафэщI Тюринэ Еленэ зэрыхуигъэфащэмкIэ, дяпэкIэ гъэшхэкIхэмрэ лыхэкIхэмрэ я уасэми хэхъуэнущ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, былым гъэхъунми текIуадэр мащIэкъым. Абы къызэрилъытэмкIэ, щIакхъуэм и уасэну дэуеинущ, гъавэ бэв хъарзынэ къызэрырахьэлIэжым емылъытауэ.

Экономикэ обозреватель Романовэ Иринэ къызэрыхигъэщамкIэ, языныкъуэхэм деж къуаншэр зэи иримыкъу риэлторхэрщ, ахэращ ерыскъыхэкIым и уасэм хуэдэ зыбжанэ иджыри тезылъхьэжыр. «Мис апхуэдэ сатуущIэ иримыкъухэм унафэ яхуэщIын хуейщ», - жиIащ Романовэм. Ар арэзы техъуащ икIи и чэзууэ къилъытащ Путиным и унафэр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, пандемием и лъэхъэнэм ерыскъыпхъэхэм я уасэм хэбгъахъуэу цIыхухэм уегуауэ хъунукъым.

**ШЫПШ Даянэ.**

# КIэрыхубжьэрыхур зэтримыхьэн щхьэкIэ

**КъБР-м и Iэтащхьэм и пщэрылъкIэ, КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министерствэр, «Экологистика» щIыналъэ операторыр и гъусэу, елэжьащ кIэрыхубжьэрыхур зэрыдаш техникэхэм я бжыгъэм зэрыхагъэхъуэну щIыкIэм.**

АБЫ къурикIуаращи, щIыналъэ операторым иджыблагъэ къыIэрыхьащ кIэрыхубжьэрыхур зэрыдаш техникэщIэу 7. Машинэхэр щылэжьэнущ мыпхуэдэ техникэр щымащIэ районхэм.

- Техникэм я бжыгъэм хэхъуэмэ, шэч хэмылъу, нэхъыфIу зэфIагъэкIыфынущ кIэрыхубжьэрыхур зэрыдашым ехьэлIа IуэхутхьэбзэхэрI. ШыщхьэуIум икухэм иджыри машинэшхуэу 3 къытIэрыхьэну дыпоплъэ, ахэр ятещIыхьауэ щытынущ ухуэныгъэ кIэрыхубжьэрыхухэр, жыг къудамэхэмрэ къуацэ-чыцэхэмрэ дэшыным. КъищынэмыщIауэ, ди мурадщ иджыри техникэ 11 къэтщэхуну, - жиIащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министрым и къуэдзэ Котченкэ Роман.



КIэрыхубжьэрыхур зрадзэ контейнерхэр ирикъуу щIыпIэхэм щыгъэувынми зэман гъунэгъум елэжьынущ. Псалъэм папщIэ, литр 1100-рэ зэрыхуэн апхуэдэ контейнеру мин къащэхуну я мурадщ. Аруан, Бахъсэн районхэм кIэрыхубжьэрыхур щызэхадз я щIыпIэхэм папщIэ хьэлъэр къэзыIэт, къезыхьэкI техникэхэм хуэдэу 4 зэрагъэпэщынущ. Апхуэдэуи Аруан районым полигоным щылэжьэну къащэхунущ зы бульдозеррэ зы экскаваторрэ.

Нэхъ ипэкIэ апхуэдэ техникэр зэрахуримыкъум къыхэкIырт кIэрыхубжьэрыхур зэтрихьэныр. Иджы щытыкIэм зихъуэжыну щогугъ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Госпиталхэм я лэжьыгъэр къепщытэ

**КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам коронавирус узыфэ зэрыцIалэ лIэужьыгъуэщIэр зыпкърыт сымаджэхэм щеIэзэ госпиталхэм я лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщам, ар зэрекIуэкIым зыщигъэгъуэзащ. А IуэхущIапIэхэр министрым къызэхикIухьащ и къуэдзэ Батыр Заурбэчрэ УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и штатым хэмыту узыфэ зэрыцIалэхэмкIэ IэщIагъэлI нэхъыщхьэу КИФЩI-м щиIэ Иуан Маринэрэ и гъусэу.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, коронавирус узыфэ зэрыцIалэ лIэужьыгъуэщIэм и «Дельта» штаммым псынщIэу зеубгъу, апхуэдэуи зэман кIэщIым къриубыдэу хотIасэри, сымаджэхэр реанимацэ къудамэм яшэн хуей мэхъу.

Мы зэманым республикэм щолажьэ госпиталиплI. Ахэр къыщызэрагъэпэщащ Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №№1, 2-хэм, Нарткъалэ дэт, ЩIыналъэхэм зэдай, узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ сымаджэщым, Прохладнэ район сымаджэщым. Псори зэхэту абыхэм щIэтщ гъуэлъыпIэ 930-рэ, сымаджэхэр 719-рэ мэхъу. Реанимацэхэм медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ цIыху 90-м. Сымаджэ хьэлъэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъум къыхэкIыу, операцэ щащI пэшхэри реанимацэм иратащ.

Министрымрэ сымаджэщхэм я дохутыр нэхъыщхьэхэмрэ тепсэлъыхьащ зыхуэныкъуэ IэмэпсымэхэмкIэ, хущхъуэхэмкIэ, IэщIагъэлIхэмкIэ къызэрызэгъэпэщам. Иужьрейхэм къызэрыхагъэщамкIэ, сымаджэхэм зыхуэныкъуэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр нэгъэсауэ хуащIэ, я лэжьакIуэхэри я IэнатIэм ехъулIэу пэрытщ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, узыфэ зэрыцIалэр зыпкърытхэм яхэтщ сабийхэри. Иджыпсту госпиталхэм щIэлъщ балигъыпIэ имыува цIыкIухэу 12, абыхэм я нэхъыщIэ дыдэм и ныбжьыр мазэрэ ныкъуэрэ хъууэ аращ. Дохутырхэм жаIащ узым и япэрей къэкIуэгъуитIым елъытауэ, иджыпсту сабийхэр куэдкIэ нэхъ хьэлъэу зэригъэсымаджэр.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

**Шыщхьэуlум и 14,**
*щэбэт*

✦**Урысейм щагъэлъапlэ Физкультурникым и махуэр**
✦**Абхъазыр зыхъумэу хэкlуэдахэм я фэеплъ махуэщ.** 1992 гъэм Куржы-Абхъаз зауэм щlидзащ.
✦**1930 гъэм** СССР-м къыщащтащ дэтхэнэ и цlыхуми пэщlэдзэ щlэныгъэ lэмал имыlэу зригъэгъуэтын зэрыхуейм теухуа унафэ.
✦**1932 гъэм** Москва Союзхэм я унэм и Колоннэ залым цlыхубэ творчествэмкlэ щекlуэкlа зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым икlахэм етlуанэ увыпlэр щаубыдащ.
✦**2010 гъэм** шыщхьэуlум и 14 - 26-хэм Сингапурым щекlуэкlащ ныбжьыщlэхэм я I гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Абыхэм хэтащ къэрал 204-м щыщ спортсмен 3531-рэ. УФ-м и командэм медаль 45-рэ къихьри, а зэхьэзэхуэхэм етlуанэ увыпlэр щиубыдауэ щытащ.
✦Шэрджэс усакlуэ, тхакlуэ **Дыгъужь Къурмэн** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.
✦Тырку Республикэм щылажьэ КАФФЕД зэгухьэныгъэм хэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Джандемир (Гугъэв) Джихьан** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.
✦lэпщlэлъапщlэ, УФ-м и Художественникхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Мэстафэ Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
✦Шэрджэс усакlуэ, КъШР-м, Адыгэ Республикэм щlыхь зиlэ я журналист, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.
✦КъБР-м щlыхь зиlэ и артисткэ **Тхьэщыгъуей Жаннэтэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкlэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 27-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

**Шыщхьэуlум и 15,**
*тхьэмахуэ*

✦**Урысейм и Археологым и махуэщ**
✦**Кхъухьлъатэ зэпкърызылъхьэм и махуэщ**
✦**Тыва Республикэм и махуэщ**
✦**1945 гъэм** Маршал Жуков Георгий «Текlуэныгъэ» орденыр етlуанэу иратащ.
✦**1956 гъэм** СССР-м щату хуежьащ Ленинным и цlэр зезыхьэ саугъэтыр (Сталиным и цlэр зезыхьэу щытам и пlэкlэ).
✦Адыгей усакlуэ, джэгуакlуэ **Теувэж Дзыгъуэ** къызэралъхурэ илъэси 166-рэ ирокъу.
✦Шэрджэсым и япэ егъэджакlуэ, Гуащlэдэкl Бэракъ Плъыжь орденыр зыхуагъэфэща **Уэхъутэ Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэси 121-рэ ирокъу.
✦Тхакlуэ, офицер **Кlыщокъуэ Рашид** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.
✦Фильм куэдым макъамэ яхуэзытха композитор цlэрыlуэ, РСФСР-м и цlыхубэ артист, УФ-м гъуаздэхэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Таривердиев Микаэл** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.
✦Сурэтыщl, КъБР-м гъуазджэхэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Щхьэцэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
✦КъБР-м щlыхь зиlэ и артист **Мэкъуауэ Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.
✦Сурэтыщl-график, КъБР-м и цlыхубэ сурэтыщl **Горлов Михаил** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.
✦Хьэрычэтыщlэ, «Чесико» фирмэм (Москва) и унафэщl **Шэрджэс Мухьэрбий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкlэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

**Шыщхьэуlум и 16,**
*блыщхьэ*

✦**УФ-м и Хьэуа флотым и махуэщ**
✦**Астронавтикэм и дунейпсо академиер къыщызэрагъэпэща махуэщ.** Швецием и къалащхьэ Стокгольм 1960 гъэм шыщхьэуlум и 16-м щызэхэтащ XI дунейпсо Астронавтикэ конгресс. Абы унафэ къыщащтауэ щытащ а lуэхущlапlэр къызэгъэпэщыным теухуауэ.
✦**Фошыгъу хэлъу гъэва мамкъутым и махуэщ**
✦**1934 гъэм** Москва къыщызэlуахащ СССР-м и Тхакlуэхэм я япэ съездыр.
✦**1939 гъэм** «Кабардинка» ансамблым концерт-хэр Къуэкlыпlэ Жыжьэм тын щыщlидзащ.
✦**1941 гъэм** СССР-м lэщэкlэ Зэщlэузэда и Къарухэм я командование нэхъыщхьэм и Ставкэм унафэ къыдигъэкlащ советыдзэм кlулыкъу щызыщlэхэм бийм езыхэми гъэру зратыну, я lэщэри lэрагъэхьэну lэмал зэримыlэм теухуа унафэр.
✦**1960 гъэм** Налшык къыщызэlуахащ изобразительнэ гъуазджэмкlэ музей. Абы республикэм щыцlэрыlуэу щыта сурэтыщl, егъэджакlуэ Ткаченкэ А. Л. и цlэр зэрехьэ иджыпсту.
✦**1965 гъэм** Урысейм щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ я фэеплъхэр хъумэнымкlэ и зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр къызэрагъэпэщащ.
✦Адыгэ тхакlуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Кlэрашэ Тембот** къызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.
✦Композитор, уэрэджыlакlуэ, КъБР-м, АР-м, УФ-м я цlыхубэ артист **Тхьэбысым Умар** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкlэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКlЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ lущыгъэ:

**Хамэ шхын бжэщхьэlу щхьэдэхыркъым.**

# Гъуэгугъэлъагъуэ тхуэхъуат

**Илъэс 92-м иту, иджыблагъэ дунейм ехыжащ Ломоносовым и цlэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым журналистикэмкlэ и факультетым и декану, щlыхь зиlэ и президенту илъэс куэдкlэ щыта Засурский Ясен Николай и къуэр. МКъУ-м дыщыщеджа илъэсхэм нэхъ гъунэгъуу тцlыхуауэ, гъуэгугъэлъагъуи тхуэхъуауэ щыта щlэныгъэлl цlэрыlуэр, lэщlагъэлl гъуэзэджэр, егъэджакlуэ lэзэр, цlыху щыпкъэр псалъэ гуапэкlэ дигу къэдгъэкlыжыныр тфlэигъуэщ.**



ГЪАЩlЭ хьэлэмэт икlи купщlафlэ къигъэщlащ Засурскэм. Ар 1929 гъэм и жэпуэгъуэм и 29-м Москва къалэм къыщалъхуащ. Еджэным хуэнэхъуеиншэу зэрысабийрэ щыта щlалэ цlыкlум курыт школым и программэр щlэхьу икlи фlы дыдэу къиухащ. Бгъэдэлъ зэфlэкl лъагэхэр къалъытэурэ, Ясен мызэ-мытlэу класс нэхъыжьхэм хагъэтlысхьащ, илъэситl программэр зы гъэ еджэгъуэм кърихьэлlэурэ. И ныбжьыр илъэс 14 щыхъум ирихьэлlэу абы курыт школыр фlы дыдэу къиухакlэт. Зэрыщlэтlысхьэ къэрал экзаменхэми ехъулlэныгъэкlэ пэлъэщауэ, 1944 гъэм ар и студентт Торез Морис и цlэр зэрихьэу Москва дэт хамэ къэралыбзэхэмкlэ къэрал институтым (иджы Москва къэрал лингвистикэ университет). Зэрихабзэу, еджэныр хьарзынэу зэфlигъэкlри, Ясен МКъУ-м и филологие факультетым и аспирантурэми щlэтlысхьащ. 1951 гъэм абы игъэхьэзыракlэт и кандидат диссертацэр икlи ар ехъулlэныгъэкlэ пхигъэкlащ.

«Иностранная литература» тхылъ тедзапlэм илъэситlкlэ щыlауэ, Засурскэм 1953 гъэм лэжьыгъэм щыпищащ МКъУ-м журналистикэмкlэ и факультетым и егъэджакlуэ нэхъыжьу, иужькlэ кафедрэм и доценту. Абдеж къыщыщlидзащ Ясен Николай и къуэм журналистикэм щикlуа гъуэгуанэ кlыхьым икlи купщlафlэм.

1955 гъэм Засурскэм къызэригъэпэщащ икlи и пашэ хъуащ журфакым хамэ къэрал журналистикэмрэ литературэмкlэ и кафедрэр. Зэфlэкl лъагэ къуэлъу гу зылъата щlалэщlэр илъэс дэкlри ягъэуващ факультетым и япэ декану щыта Худяков Евгений и къуэдзэу. Илъэс зыхыблкlэ апхуэдэу лэжьауэ, 1964 гъэм и щэкlуэгъуэ мазэм Ясен Николай и къуэр хахащ журналистикэмкlэ факультетым и декану. lэнатlэм щызэфlах lуэхугъуэ куэдым фlыуэ щыгъуазэ хъуа lэщlагъэлl lэзэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакlуэ ахъырзэманым мурадыщlэхэмрэ жэрдэмыщlэхэмрэ и куэдт. И lуэху еплъыкlэхэр абы щиlуэтащ пщlэ хуащlу щlэх-щlэхыурэ зрагъэблагъэ зэхуэс инхэм я утыкушхуэхэм. 1966 гъэм къыщыщlэдзауэ ар щытащ СССР-м, иужькlэ УФ-м журналистикэ lэщlагъэм щыхурагъаджэ къэрал университетхэм я Щlэныгъэ-методикэ советым и унафэщlу. Плlэщlыгъуэ блэкlам и 90 гъэхэм и пэщlэдзэм къыщыщlэдзауэ лэжьащ УФ-м и радио-теле lэнатlэхэм лицензэ етынымкlэ къэрал комиссэм и унафэщlу.

СССР-м, УФ-м я Журналистхэм, Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэхэм, Хъыбарегъащlэ lэнатlэхэмрэ коммуникацэмрэ джынымкlэ дунейпсо ассоциацэм хэтт, Масс-медиам къэхутэныгъэхэр щегъэкlуэкlынымкlэ лъэпкъ ассоциацэм и дунейпсо зэгухьэныгъэм и унафэщlт Засурскэр. Пщlэ лъагэ зиlэ еджагъэшхуэр журфакым и щlэныгъэ, диссертацэ советхэм я пашэт. Ар и президентт МКъУ-м журналистикэмкlэ и факультетыр къэзэхуахэм я зэгухьэныгъэми.

Студентхэм пыщlэныгъэшхуэ дапщэщи яхуиlэу лэжьащ Засурскэр. Ди лъахэгъухэм ящыщу Ясен и lуэху зехькlэр япэу зыгъэунэхуар 1955 гъэм журфакыр къэзыухауэ щыта журналист цlэрыlуэ Белгъэрокъуэ Евгениещ. Къыкlэлъыкlуэ илъэс зэхуэмыдэхэм МКъУ-м журналистикэмкlэ и факультетыр Засурскэм и нэlэм щlэту къаухащ ди республикэм икlа цlыху 20-м нэсым. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, Афlэунэ Рае, Мэлбахъуэ Елбэрд, Хьэлышх Иннэ, Бжэныкlэ Мухьэб, Мэшыкъуэ Тэзал, Бещтокъуэ Хьэбас, Ащнокъуэ Фозэ, Бэрбэч Борис, Тlымыжь Хьэмыщэ, Жыласэ Заурбэч, Жыласэ Маритэ, Кlэмпlарэ Галинэ, Къардэн Маринэ, Сокъур Риммэ, Бэлагъы Любэ, Мэлыхъуэ Къазбэч сымэ, нэгъуэщlхэри. Засурскэм иригъэджа, ар унэтlакlуэрэ гъуэгугъэлъагъуэрэ зыхуэхъуа дэ гупым яхэткъым зи lэщlагъэм хуэмыlэжь, гъащlэм увыпlэ екlу щызымыгъуэта, зи лэжьыгъэфlым къыпэкlуэ дамыгъэ лъапlэхэмрэ цlэ лъагэхэмрэ зыхуамыгъэфэща. А псоми и фlыщlэ ин хэлъщ ди факультетым щекlуэкlа егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ, щlэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр къызыхуэтыншэу зэтезыублэу щыта ди деканым.

Гъэщlэгъуэнырати, Ясен и хьэлт зи пашэ факультетым щlэтlысхьэ дэтхэнэ студентми щхьэхуэу епсалъэу, зригъэцlыхуу. Сощlэж: МКъУ-м и студент дыщыхуагъэщlэм щыгъуэ и пэшым дэри дригъэблагъэри нэхъ гъунэгъуу дызригъэцlыхуат икlи хуабжьу щыгуфlыкlат еджэным дыщиlэ ехъулlэныгъэхэм. «Хуабжьу си гуапэщ КъБКъУ-м и студент нэхъыфlхэм еджэным МКъУ-м зэрыщыпащэр. Фи зэфlэкlхэм хэвгъэхъуэну, еджэным дяпэкlи фыщыпэрытыну сыфщогугъ», - къыджиlат абы щыгъуэ ди деканым. А псалъэхэр тщымыгъупщэу, дыздикlа лъахэми и цlэр фlыкlэ зэрыдгъэlуным дыхущlэкъуу етхьэкlащ студент илъэсхэр. Жыпlэнурамэ, (фи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу) си щхьэгъусэ Заурбэч гупым и комсомол зэгухьэныгъэм и пашэу щытащ, егъэджэныгъэм щиlэ ехъулlэныгъэхэм папщlэ къыхуагъэфэщат ВЛКСМ-м и ЦК-м къыбгъэдэкl дамыгъэ лъапlэр, щlыхь тхылъи щlыгъуу. Сэри, сессиехэр «фlы дыдэ» защlэу зэрыстым папщlэ МКъУ-м мызэ-мытlэу къыщысхьащ нэхъыфlу еджэхэм хуагъэуву щыта стипендие лъагэр. Дэ ди закъуэ къыткlэлъыплъ, ди еджэкlэр хэхауэ къихутэу фlэкlа умыщlэу, Засурскэр къыдэпсэлъылlэрт, щытхъу псалъэхэр къыджиlэрт, нэхъри дытригъэгушхуэу, лъагапlэщlэхэм дыхуиунэтlу. Ди щыlэкlэ-псэукlэми къыщlэупщlэрт, дыкъызэрыфlэlуэхур къатщlэу. Зэкурсэгъухэр иужькlэ дыщызэдэуэршэркlэ, наlуэ хъурт студентхэм ящыщ куэдым деканым къыбгъэдэкl апхуэдэ гулъытэрэ гуапагъэрэ зэралъэlэсыр. Цlыху хэтыкlэ екlу зыбгъэдэлъа ди деканым дыфlэлlыкlырт, фlыуэ демыджэу дыкъыщlэхунуи дыщыукlытэрт, апхуэдизу абы пщlэ хуэтщlырти. Абыкlи Засурскэр куэдым ягу къызэринар хьэкъщ.

Иригъэкlуэкl апхуэдэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэм, и пщэрылъ къалэнхэм япыщlа къызэгъэпэщыныгъэ lуэхухэм къадэкlуэу, Засурскэм зэи зэпигъэуакъым и щlэныгъэ-къэхутэныгъэхэри. И къалэмыпэм къыпыкlащ щlэныгъэ тхыгъэрэ тхылъ щхьэхуэу 300-м щlигъу. Абыхэм яхэлъщ монографиехэри, зэреджэ тхылъхэри, методикэмкlэ чэнджэщ щхьэпэхэр зэрытхэри, нэгъуэщlхэри. Лъэпкъ журналистикэм къикlуа гъуэгуанэм щыгъуазэ lэщlагъэлl нэсым и тхылъ нэхъ цlэрыlуэхэм ящыщщ «История печати. Антология», «Система средств информации России», «Искушение свободой. Российская журналистика», «Современные зарубежные СМИ», нэгъуэщlхэри. Ясен Николай и къуэм и къалэмыпэм къыпыкlа дэтхэнэ лэжьыгъэми ноби пщlэшхуэ щиlэщ щlэныгъэм и дунейм.

Апхуэдэ щlэныгъэ куурэ зэфlэкl лъагэрэ зыбгъэдэлъ Засурский Ясен къэралым къыбгъэдэкl гулъытэшхуи игъуэтащ. Абы кърата дамыгъэ лъапlэхэм ящыщщ «Щlыхьым и дамыгъэ» (тlэунейрэ), «Гуащlэдэкlым и Бэракъ Плъыжь», «Хэкум и пащхьэм щиlэ фlыщlэхэм папщlэ», «Зэныбжьэгъугъэ» орденхэр, нэгъуэщlхэри. И щlыхь, фlыщlэ тхылъхэм къахэщырт 2011 гъэм къыхуагъэфэщауэ щыта «УФ-м и Президентым къыбгъэдэкl Щlыхь тхылъыр». Апхуэдэу Засурскэм иlэт хамэ къэрал зыбжанэм я lэтащхьэхэм, абыхэм щылажьэ щlэныгъэ lэнатlэхэм къабгъэдэкlа орденхэр, фlыщlэ тхылъхэр, а щыпlэхэм папщlэ lэщlагъэлl куэд МКъУ-М и журфакым къызыхуэтыншэу зэрыщагъэзыпым къыпэкlуэу. Ясен Николай и къуэр мызэ-мытlэу хъуащ саугъэт зэмылlэужьыгъуэхэм я лауреати. МКъУ-м щlыхь зиlэ и профессорым фlащащ «Урысей журналистикэм и легендэ» цlэр. Засурскэм и гъащlэмрэ и лэжьыгъэмрэ теухуа «Человек-факультет» тхылъыр 2004 гъэм къыдигъэкlащ «Журналист» тхылъ тедзапlэм. Зи гугъу тщlа дэтхэнэ гулъытэри хуэфащэ дыдэт lэщlагъэлl щыпкъэм, цlыхугъэ лъагэрэ зэхэщlыкl куурэ зыбгъэдэлъа хэкупсэм.

Засурский Ясен Николай и къуэм, лъэпкъ еджагъэшхуэм, щlэныгъэлl lэзэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакlуэ ахъырзэманым, и фэеплъ нэхур, дауи, куэдрэ ящыгъупщэнукъым къыдэлэжьахэми, ныбжьэгъу иlахэми, зыщlыхуу щыта куэдми. Ди декан хьэлэмэтым дэтlэгъуа цlыхугъэшхуэр, набдзэгубдзаплъагъэр, хэлъа нэгъуэщl хьэл-щэн дахэхэр ди гум илъынущ абы иригъэджахэми.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ,**
*КъБР-м щlыхь зиlэ и журналист.*

ДифI догъэлъапIэ

## ТХЬЭГЪЭПСЭУ Увжыкъуэ:

# Зыужьыныгъэм узэрыдефIэкIуэн Iэмалу щыIэр щIэныгъэращ

*«Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ, усакIуэ цIэрыIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ и ныбжьыр нобэ илъэс 60 ирокъу. Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ Хьэгъундыкъуей къуажэжьым ар къыщалъхуащ 1961 гъэм шыщхьэуIум и 14-м. Черкесск дэт ПТУ №3-м щеджащ 8-нэ класс нэужьым. Дзэм къулыкъу щищIащ, итIанэ пIалъэкIэ щылэжьащ Хьэбэз щIыналъэм и радиом, редакторым и къалэнхэр игъэзащIэу.*

*1992 гъэм Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр къиухащ. Зэреджэм хуэдэурэ «Советская молодёжь» газетым щылажьэрти, абы и «Псынэ» напэкIуэцIыр игъэхьэзырырт.*

*КъищынэмыщIауэ, адыгэбзэкIэ егъэджакIуэ цIэрыIуэу Налшык дэсащ, журналист лэжьыгъэри абы дихьу. «Хасэ» газетым и редактору щытащ 1996 - 1999 гъэхэм. «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэу 2003 гъэм Черкесск игъэзэжауэ нобэр къыздэсым абы щолажьэ.*

*Илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъур ди щхьэусыгъуэу упщIэ зыбжанэкIэ Тхьэгъэпсэум зыхуэдгъэзащ.*

**- Увжыкъуэ, уи сабиигъуэм, укъыщалъхуа жылэжьым укъытхутепсэлъыхьамэ ди гуапэт.**

- ГушыIэр зи щIасэхэм илъэс хыщI ныбжьыр жыгъэм и сабиигъуэу ябж. Зыгуэри къэбгъэщIа хуэдэу, икIи къэбгъэщIа щIагъуи щымыIэу ныбжь гъэщIэгъуэн гуэрщ ар. ИтIани, зумыгъэщIэгъуэкIыщэ хуэдэурэ, зэзэмызи укъызоплъэкIыж. УкъызэплъэкIыжыхукIи уи гъащIэм и нэхъ IэфIыгъуэ дыдэу хэплъэгъуэжыр сабиигъуэращ, зы унагъуэм хуэдэу зэдэпсэууэ щыта укъыщалъхуа хьэблэжьым щыбгъэкIуа гъащIэ Iыхьэрщ.

Адэ-анэм я гъусэу хадэм дитами, тхулъэкI тIэкIур тщIэуэ, дадэIэпыкъу ди гугъэжу губгъуэм дыщыщыIэ къэхъуами, къэджыхьурэ ди лъакъуэм банэ къыхэуами... Псори тщыгъупщэжри, ди гум IэфIу къинэжащ махуэ псом псы Iуфэм дыIусу зэрыщытар, гъуэрыгъуапщкIуэ, топ дыджэгуу губгъуэми, псыхъуэми, хьэблэми дызэрыдэтар... Дагъэшхэн щхьэкIэ унэм драхулIэжу... Сытми, сэри си сабиигъуэр, дэтхэнэ зы къуажэдэс сабийм ейм хуэдэу екIуэкIащ.

Хьэгъундыкъуей къуажэжьыр къапщтэмэ, ар ди унагъуэшхуэм хуэдэу ноби къызолъытэ. Ди къуажэм «Берычэт жылэкIэ» ауэ сытми еджэу щытакъым. УзыфIэмыкIыжыну берычэтщ икIи угъурлыщ. Адыгэбзэри адыгагъэри нэхъ къыщызэтена жылэхэм ящыщ зыщ. Езы къуажэр здэщыс щIыпIэрщэ? И хъуреягъкIэ иIэ щIыпIэ телъыджэ дахащэхэм ятеухуа хъыбархэр къыхыхьэжмэ, удимыхьэхыпэнкIэ Iэмал иIэкъым. Абы къинэмыщIауэ, зы жыIэгъуэ къыщокIуэкI ШэрджэсымкIэ: «Къэпшэнумэ - Хьэгъундыкъуеипхъу, удэкIуэнумэ - Хьэгъундыкъуей щIалэ! Адрей ди адыгэ къуажэхэри фIым я фIыжщ, ди къуажэр езгъэфIэкIыну сыпылъкъым, ауэ, пэжыр аращи, апхуэдэ жыIэгъуэ къокIуэкI.

**- Литературэм узэрыхыхьа щIыкIэр дауэ, усэным гулъытэ хуозыгъэщIар сыт?**

- Литературэм пыщIа сыхъуныр зи фIыщIэу къэслъытэр 5-нэ классым щегъэжьауэ адыгэбзэм дыхуезыгъэджа, зи хьэдрыхэр дахэу жэнэтыр увыIэпIэ зыхуэхъун Шорэ Хьэсинщ. 7-нэ классым дыхэсу абы дигъэтхауэ щытащ изложенэ, «Сэ сызыщIэхъуэпс IэщIагъэр» фIэщыгъэр иIэу. Ди лэжьыгъэхэр щIипщытыкIа нэужь, къыкIэлъыкIуэ дерсым къыщыдгуригъэIуат хэт сыт хуэдэ щыуагъэ хилъхьами, хэт къехъулIами къемыхъулIами. Си деж къэсри, жиIащ «5» зэрысхуигъэувар икIи, зэригъэзэхуэжу, адыгэ газетым иригъэхьыну зэримурадыр. ЗэрыжиIауи, «Ленин нур» газетым куэд дэмыкIыу къытехуащ. ИужькIэ къызжиIащ еджапIэм литературэ гупжьей зэрыщригъэкIуэкIыр, абы сыкIуэмэ зэрыфIэтэмэмыр. Абдежым унэ лэжьыгъэ щхьэхуэхэр къыщыдитырт, ттхыр тхуэзэпкърихырт, тщIапхъэр къыджиIэрт. Апхуэдэурэ 8-нэ классыр къэзухыху екIуэкIащ литературэми нэгъуэщIынэкIэ сеплъ хъуащ, сыдихьэхащ.

Ауэ, абы ипэжкIэ, нэхъыжьхэми жаIэж, сэри фIы дыдэу сощIэж, илъэсищ-плIы нэхъ сымыхъуу, лIыжьхэм усэ гукIэ сыкърагъаджэу щытащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, си къуэш нэхъыжьхэм гукIэ зрагъэщIэн хуейуэ кърата усэхэм макъкIэ къыщеджэкIэ, хуэмхуэмурэ сэри сигу изубыдэрт. Езыхэм зрагъэщIауэ макъкIэ къыщызэхуеджэкIэ, сэри закъыкIэрызмыгъэхуу сакъыдеджэрт. Си къуэшхэм ар ягъэщIагъуэурэ къытрагъэзэжурэ усэр жызагъэIэжырт, апщIондэхукIэ нэхъри си гум къинэу къыщIэкIынт. Ерагъыу псэлъэн щIэзыдза сабийр апхуэдэу усэ къызэреджэр хьэблэм щагъэхъыбару къыщIэкIынти, къуажэку уэрам зэхэкIыпIэм щызэхуэс лIыжьхэм сызыбгъэдашэрти, я куэщIым сису ину усэ жызагъэIэрт. ГуфIапщIэуи ахъшэ жыгъей къыщызат щыIэт...

Нобэ сыхьэрычэтыщIэу щытамэ, къежьапIэ схуэхъуар аращ жысIэнт.

Школ нэужьым дэнэ сыщыIами, сыщеджами, сыщылэжьами, тхэныр зэи згъэувыIакъым. Ауэ дзэм къулыкъу щысщIэу Хьэгъундыкъуей сыкъыдэтIысхьэжа нэужьщ а Iуэхум нэхъри сыщытегушхуар.

Ди къуажэгъу, усакIуэ хъарзынэ, пасэу дунейм ехыжа Иуан Щамел дызэригъэцIыхуауэ щытащ и анэ дэлъху, усакIуэшхуэ Нэхущ Мухьэмэдрэ сэрэ. Горький Максим и цIэр зезыхьэ Литературэ институтыр абы къызэриухрэ куэд щIатэкъым, и зыужьыгъуэ дыдэт. Мухьэмэд и теплъэкIэ мыин щхьэкIэ, икъукIэ цIыхушхуэт, адыгэлI щыпкъэт. АтIэ, ар си тхыгъэхэм хэплъа нэужь, куэдрэ къысщытхъуащ, иужькIэ щабэурэ къызжиIащ иджыри сызэгугъужын зэрыхуейр, бзэри гъащIэри нэхъ кууэ зэрызэзгъэщIапхъэр, щIэныгъи сиIэн зэрыхуейр. ИкIи си усэ Iэрамэ къыхихри, «Ленин нур» адыгэ газетым игъэкIуащ. Абы и фIыгъэкIэ си япэ усэхэм щыщ Iыхьэ дунейм къытехьащ.

ИужькIэ си тхыгъэхэм гу къылъитащ адыгэ дунейм щыцIэрыIуэ усакIуэшхуэ Бемырзэ Мухьэдин. Абы сриджэри, усакIуэу къежьам усакIуэ нэс къыхэкIын папщIэ ищIапхъэм сыщIигъэдэIуащ гупсэхуу. КъызжиIащ си тхыгъэхэм яIэ ныкъусаныгъэри, къызэхъулIэ лъэныкъуэри.

Мыри къыхэзгъэщыну сыхуейт: филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, академик, литературэдж цIэрыIуэ БакIуу Хъанджэрий Хьэгъундыкъуейр къелъытэ адыгэ усыгъэм и кIыщу.

ЩIэныгъэлIым и псалъэхэр щIэзыгъэбыдэ еплъыкIи щыIэщ. Ди къуажэм къыдэкIащ зи цIэр ираIуэ усакIуэу пщыкIубл.

**- Литературэр нобэ зэрыт щытыкIэм, гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ абы игъэзащIэ къалэнхэм ятеухуауэ сыт хуэдэ еплъыкIэ уиIэ?**

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэ литературэм иIэжкъым япэм иIэу щыта гулъытэри къарури. Сабийр, цIыхур зэрагъасэр, гъащIэм ифIри, и мыхъумыщIэри къызэрырагъащIэр ущие закъуэкIэкъым. Мыпхуэдэу щыт, апхуэдэу щIэ жыпIэкIэ зэфIэкIыркъым. Ауэ, зэрыщытыпхъэр щапхъэу бгъэлъагъуэмэ, цIыхум ар нэхъ пкърохьэ, нэхъ зыхеубыдэ, и фIэщ мэхъу. Литературэми дегъасэ, ди гупсысэм зрегъэубгъу. Уеблэмэ нэIурыту, нэрылъагъуу, ауэ гу лъыдмытэу дызыблэкIар, тIэщIэкIар еплъыкIэщIэ щIэщыгъуэкIэ дегъэлъагъуж. ОбразхэмкIэ ди нэгу къыщIигъэхьэурэ, езы литературэм и дунейм дэри дыхохьэ, цIыхур зэрыщытын хуейри, гущыкI зыщIри гукIи псэкIи зыхыдегъащIэ, фIым и телъхьэу, ем и бийуэ ди гупсысэр епсыхь. Унагъуэу, жылэу, лъэпкъыу, хэгъэгуу, къэралу ущызэкъуэткIэ, цIыхугъэр уи гъусэ пэжу гъащIэ гъуэгум урикIуэн хуейщ. А цIыхугъэм и лъабжьэр зыгъэбыдэхэм ящыщ зыщ литературэри. Литературэм иджы иIэ теплъэр щимыгъуэтами, IуэрыIуатэм арат и къалэныр. Мы зэманым щIэгъэхуэбжьауэ зызыужь технологиехэм, компьютерхэмрэ жып телефонхэмрэ дихьэхауэ, зыIэпишауэ зи зэш тезыгъэуххэр егъэлеяуэ пэжыжьэ мэхъу литературэм, гъэсэныгъэ дахэм. Пэжщ, зызыужь технологиещIэхэр къэбгъэсэбэпыфу, зэман ефIакIуэм укъыкIэрымыхуу удэкIуэтэни хуейщ. Ауэ абы къикIыркъым уи цIыхугъэри, уи лъэпкъ хьэл-щэнри, уи анэдэлъхубзэри а технологиещIэхэм щIэузыхь яхуэпщI хъуну.

**- Уи усэхэм лъэпкъым хуэгъэза гурыгъу-гурыщIэхэр, фIылъагъуныгъэр щытепщэщ. Сыт ар къызыхэкIыр?**

- Лъэпкъыр зы зэман зэрыщытамрэ нобэ зэрыщытымрэ зэрызэрагъапщэр арагъэнщ. ЦIыхуцIэ зиIэм зиужьын папщIэ апхуэдиз хъугъуэфIыгъуэ къэзыгъэщIыфа, апхуэдэ тхыдэ гъуэгуанэ къызэпызычыфа адыгэм и кIуэдыжыгъуэр хэкIыпIэу къызэрыхихар къызгурыIуэн слъэкIыркъым. Ди мыгъуэри ди гъуамэри къыщежьэр аращ. Ауэ, дауэ хъуами, ди бзэр дуней псом къыщоIу, адыгэр щыпсэу дэтхэнэ къэралми яхэзагъэу, яхуэпэжу, пщIэ щаIэу къокIуэкI. А псоми уи гупсысэхэр ядохуарзэ, хэкIыпIэр усэбзэкIэ бгъэIуну ухуожьэ. КъыщохъулIи къыщомыхъулIи щыIэщ.

**- Лъэпкъ IуэхумкIэ къэдгъазэмэ, сыт уэ нэхъ узыгъэгузавэр, уигу къеуэр?**

- Лъэпкъым зыгуэр щытепсэлъыхькIэ, зи гугъу ящIыр нобэ псэу, зы бзэкIэ псалъэ, адыгэу зызыбжыж цIыхухэращ. Сэ сызэреплъымкIэ, «адыгэ» щыжытIэкIэ, абы къызэщIеубыдэ илъэс мин бжыгъэкIэ зы щIэблэм нэгъуэщI щIэблэр къыпищэурэ псэуахэри, дунейр щыIэху псэуну дызыщыгугъ, дяпэкIи къытщIэхъуэну щIэблэхэри. БлэкIам и пщIэри дымыгъэкIуэдыну, къэкIуэнуми гъащIэр педгъэщэну зи пщэрылъыр дэращ, нобэ псэухэращ.

ЩIэблэр нэрынэ-нэрынэу зэпхауэ кIэ зимыIэ зэманым къыдогъуэгурыкIуэ. НобэкIэ дэращ блэкIамрэ къэкIуэнумрэ зэпызыщIэу псэур. Дэ дымахэмэ - нэрынэхэр зэпычынущ, дыкъарууфIэмэ - адэкIи ди акъылыр псэунущ. Апхуэдэу щыщыткIэ, дыщыкIи дыгужьеи хъунукъым, атIэ ди фIыр дгъэбагъуэурэ, ди мыхъумыщIэр дгъэзэкIуэжурэ ипэкIэ дыкIуэтэн хуейщ, ди нэхъыжьыфIхэми къытхуащIар псыхэкIуадэ мыхъун хуэдэу. МыхъумыщIэри хъуащIари хабзэ жыпхъэм пхутегъэувэнущ. Ауэ и лъэпкъым зи гур хуэнэфым сыт пхуещIэнур? Гъашхэ, зегъэгъэпсэху, гъэжей...

ИкIи къыдгурыIуэн хуейщ лъэпкъ куэду зэхэт къэралым дызэрыщыщыр. СызэреплъымкIэ, ди лъэпкъ тхыдэ уардэми дрисондэджэрыну Iэмал иIэкъым. Дэ щхьэузыхь зыкъытхуэзыщIа, дыщIэгушхуэ ди адэжьхэм дахуэфащэу дыпсэуну, я псэр дгъэтыншыну дыхуеймэ, мамыру, дызэгурыIуэу, ди хабзэ дахэхэм дытету дыпсэупхъэщ. Бемырзэ Мухьэдин зэрыжиIауэ, гугъущ уадыгэну. Гугъуми - дахэщ, екIущ. Зыми жиIэфынукъым адыгэр нэгъуэщI лъэпкъхэр къизэууэ щытауэ е лей ярихауэ. Дауэрэ лъэщу щытами. Ауэ лъэпкъхэр къыдихьэхырт и хьэл-щэнкIэ, и хабзэ екIукIэ, и шыфэлIыфэкIэ. Напэ, цIыхугъэ, лIыгъэ, щIыхь... ахэращ ди нэхъыжьхэм я гъуазэу щытар, дэри ахэр къэкIуэну щIэблэхэм яхуэтхъумапхъэщ. Къэплъыхъуэращ къэбгъуэтынур. А псори щIыжысIэращи, дэ зыгуэрым дыщIенықъуэкъуни къыщIыдэнықъуэкъуни щыIэкъым. Абы ди къару мащIэм щыщ куэдыIуэ тедгъэкIуадэу къысщохъу. Зыужьыныгъэм узэрыдефIэкIуэн Iэмалу щыIэр щIэныгъэращи, гъэхьэзырын хуейщ IэщIагъэлI IэпщIэлъапщIэхэр, щIэныгъэлI нэгъэсахэр, гъащIэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэми хэзагъэ щIалэгъуалэр. Ленином и жыIауэ: «Еджэн, еджэн, иджыри зэ еджэн». А къыхуеджэныгъэр нобэ дэ къытхуэгъэзащ, ауэ Iэпэдэгъэлэл дощI.

**- Сытхэр ди Iэмал, сытхэр длэжьыпхъэ лъэпкъыу дыкъызэтенэжын папщIэ?**

- ЩIэныгъэ зэгъэгъуэтыным теухуауэ нетIэ жысIамкIэ уи упщIэм и жэуап Iыхьэр дубзыхуа си гугъэщ. Иджыри зэ къытызогъэзэжри, хэкIыпIэ нэхъыщхьэу щыIэр щIэныгъэ зэгъэгъуэтыныршщ. ЩIэуэ къежьэ технологиещIэхэри ди Iэпэгъуу зэрыщытыпхъэм шэч къытесхьэркъым. Ауэ абы къикIыркъым а Iуэхугъуэхэм къагъэхъу жьы кIэрахъуэм ди лъэпкъ хьэл-щэныр, лIыгъэр, цIыхугъэ нэсыр иредгъэхьэжьэу хьэрэкъуакIэ дедгъэхьэж хъуну. Дыкъызэтенэжын папщIэ лъэпкъ куэдым ялэжьыпхъэм нэхърэ нэхъыбэ Iуэхуу дэ къытпэщылъщ. Къэралыгъуэ щхьэхуэу псэу лъэпкъ куэдым нобэ я тхьэгъушыр ягъаджэ, я бзэр яхъумэжыну лъэкIыныгъэ псори яIэщ, къэрал политикэри я телъхьэщ. ИтIани, нэхъ хэкупсэ-лъэпкъыпсэхэр тогузэвыхь я бзэм, нэгъуэщIыбзэхэм хэшыпсыхьыжынкIэ мэшынэ. СызэреплъымкIэ, а къэралхэм апхуэдэ Iуэху къыщIагъэувар я лъэпкъыр кърамыдзэжу, я зэш трагъэуну аракъым. Дэ ди адыгэбзэм унагъуэмрэ уэрамымрэ дыщрипсэлъэну къызэрытхуэнэжар къэплъытэмэ, ди щытыкIэр гужьеигъуэщ. Ди бзэр къезыгъэлыр ди блэкIам дызэрыфIэлIыкIымрэ ди къэкIуэнум и дунейр нэхъ уэфI тщIыну дызэрыпылъымрэ арауэ си гугъэщ. Къэралым къыдит лъэкIыныгъэ псори къэдгъэсэбэпмэ, абы бзэм худиIэ лъэпкъыпсэ хущытыкIэр хэтыжмэ, ди бзэр зыIэщIэдмыгъэкIын тхузэфIэкIыну гугъапIэ щыIэщ. КIэщIу жыпIэмэ, щIэблэр едгъаджэмэ, ахэр губзыгъэу гъащIэм декIуу псэумэ, ди хабзэжьхэм темызашэу дэгъуэгурыкIуэмэ, ди бзэ-ри зэрыпсэунум, ди лъэпкъри къызэрыщIэрэщIэжынум шэч къытесхьэркъым.

**- Увжыкъуэ, узэлэжьхэм, уи мурадхэм укъытхутепсэлъыхьамэ ди гуапэт.**

- Си усэхэр щызэхуэхьэса тхылъыщIэ згъэхьэзырауэ щылъщ. Иджы дыдэ нэзгъэсыжащ зы поэмэ-таурыхъ кIэщI. Мы дызэрыт зэман гугъум махуэ къэс дызыпэщIэхуэ зэгуэпыгъуэхэм, Iэмал зэриIэкIэ, гушыIэрэ ауанкIэ саподжэж. Абы къыхэкIыу нэхъыбэу сызэлэжьыр прозэуи усэуи стхы ауанхэмрэ гушыIэхэмрэщ. Си гукъеуэр жызоIэ, си гур согъэтIыс, къеджэ цIыхухэми гукъыдэж язот.

**- Уи хъуэпсапIэхэм я гугъу къытхуэпщIамэ хъунт.**

- Сэ сызэреплъымкIэ, мы дызытет дунейм сыт хуэдиз цIыху къытехъуэми, псори техуэнущ икIи хуэгъэшхэнущ... ЗэгурыIуэмэ, пщIэ зэхуащIмэ, пцIырэ хьилагъэрэ я кум къыдэмыхъуэмэ. Ауэ цIыхуитI къудей тетыфынукъым, цIыхугъэ яку дэмылъмэ. Ди лъэпкъ хабзэжьхэм цIыхугъэр, пэжыгъэр, напэр апхуэдизкIэ ягъэлъапIэри, си фIэщ хъуркъым а ди хабзэжьхэм цIыхуцIэ зиIэр зэгуэр хуэмыкIуэжыну.

ЦIыхугъэ лъагэмрэ мамыр гъащIэмрэ нэхърэ нэхъ лъапIэ щыIэу сщIэркъыми, ар дунейм щытепщэ хъуныршщ си хъуэпсапIэр.

*Епсэлъар*

**НАФIЭДЗ Мухьэмэдщ.**



● Зы уэрэдым и тхыдэ

# Лосэн Алимырзэ цІыкІу и гъыбзэ

**ХьэтІохъущыкъуей Ипщэм, иджы ЗеикъуэкІэ зэджэм, блэкІам епхауэ щІыпІэ гъэщІэгъуэн куэд ущрохьэлІэ, я хъыбар нэхъыбэжи ехъумэ. Къуажэм дэс нэхъыжьыфІхэр а щІыпІэхэмрэ зэрахьэ фІэщыгъэхэр къызыхэкІамрэ тебгъэуэршэрыхьыну ущыхуежьэкІэ, узыщІэупщІэр тхыдэшхуэ хъыбар хьэмэрэ къуажэ хъыбар жаІэу ІуэрыІуатэжьхэм я гъунэ къилъэгъуэ дыдэм деж къаІуэтэжынуми тур трагщІэ, зы унагъуэ, зы жылэ, зы хэгъэгу я тхыдэр иризэхагъэкІыу. ІуэрыІуатэхэмрэ щІыпІэцІэхэмрэ щызэхуэтхьэс апхуэдэ зы зекІуэ гуэрым апхуэдэут къызэрызэупщІыгъар дунейм зэрехыжрэ куэд мыщІа, ауэ къызэрымыкІуэу къэІуэтэжакІуэ Іэзэу щыта, щІэж хъарзынэрэ псэлъэкІэ дахэрэ зиІа Мэжджыхь Аслъэнбий. Зи гъащІэр губгъуэм къимыкІыу зыхьа нэхъыжьыфІым ар ауэ сытми зэрыжимыІэр къызигъащІэмэ фІэфІу, нэбгъузкІэ къызэплъыгъат. Гу щылъыстэми, унагъуэ хъыбаррэ жылэ ІуэрыІуатэкІэ кърригъажьэмэ зэрысфІэигъуэр жесІащ. НэхъыжьыфІми кърригъэжьащ... «Алимырзэ и щыхупІэкІэ» зэджэ щІыпІэм и хъыбарым сыщыгъуазэмэ къызэупщІащ. ЗэрызмыщІэр щыжесІэм, кърригъэжьащ...**

«АЛИМЫРЗЭ и щыхупІэкІэ» зэджэр Хьэрэкхъуэрэ Іуащхьэхэм я зэхуакум къыдэкІыу зы щІыпІэщ, къехыгъуэ защІэрэ задэу. Къуажапщэм щыпсэухэр ЛампІэжьыкъуэ нэс пхъащхьэ щхьэкІэ кІуэуэ гъуэгу кІыхь къызэпамычын щхьэкІэ, а къыщхьэдэхыпІэр зекІуапІэ ящІат хьэтІохъущыкъуей щІалэщІэхэм. Ауэ, гъэмахуэм шынагъуэшхуэ къыхэмыкІыу ущызэхэзекІуэ хъуми, щІымахуэм, уэс тесамэ е щтырыгъу трищІамэ, къыщыпкІухьынуи хьэлъэ къыщепхьэкІынуи дзыхьщІыгъуэджэт. Апхуэдэ зы бжьыхьэ кІасэу, щІы щхьэфэр щытещтыкІ зы лъэхъэнэ гуэрым, къуажэм щыщ зэныбжьэгъу щІалитІ псапэхуэщІэу жаІэщ, я щхьэрэ я гуащІэрэ щыгугъыжри, Хьэрэкхъуэрэ щІыбкІэ кІуэгъащ. А щІалэхэм я щхьэ кърикІуа Іуэхугъуэщ а щІыпІэм игъуэта фІэщыгъэр къызыхэкІар, иужькІэ гъыбзэ зытраусыхьыжари. Мэжджыхь Аслъэнбий зи гугъу ищІыр Лосэн Алимырзэрэ Шурдым Елмырзэрэт.

Я ныбжьым емылъытауэ, зэныбжьэгъуитІым къуажэдэсхэм фІыуэ зыкърагъэлъагъуфат. ТІури гулъытэ зиІэ, гущІэгъу зыхэлъ цІыхут, щІалэ дыдэ пэтми, хуэмыщІам зыщІагъакъуэу, зи Іуэху хуэмыхъум дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуу, дэхуэхам щІэгъэкъуэну къахущІэкІыу апхуэдэт. ЩІыпІэм цІэ щІигъуэта Лосэнхэ я щІалэр хэщІыхьауэ къэлъагъуэ щхьэкІэ, бланэт, ІэпщафІэт, зэІусэр къыгуихыу къаруфІэт, зэ ІуплъэгъуэкІэ ябгэу къыпфІигъэщІу набдзэзэхэкІэу пІэрэ жыпІэну уІуплъэми, хуабжьу гу щабэт икІи гумащІэт. И цІыкІуагъри, и гумащІагъри хэлъу къыщІэкІынт абы Алимырзэ цІыкІукІэ фІэкІа нэгъуэщІу еджэу зэрыщымытар. АпхуэдизкІэ жэрдэмщІакІуэти, емыгъэз амбаркІэ еджэу къуажэкум щагъэувыгъам, пхъэтеш зыфІаща гъэтІылъыпІэри къыгуригъэщІыхьыжыгъат. Емыгъэз амбарри пхъэтешри тхьэмыщкІэхэм, дэхуэхахэм зэрызыщІагъакъуэ Іуэхугъуэт, шыкуэтэн лъагэ щІэту дуушхуэ теплъэ зиІэ ухуэныгъэт. Хэт сыт хузэфІэкІми, ар ирехьэжыгъэ, ирегуэдз, сыт ирехъуи, пІалъэ кІэщІкІэ зэмыкІуэкІыну гъавэхэкІхэм щыщ кърахьэлІэрт. Къуажэм щыщми, нэгъуэщІыпІэ къикІами, хуэныкъуэр абы хэІэбэу къыхихыну хуиту щытащ. ХузэфІэкІ хъумэ, къыхилъхьэжыну хьэкъ иІэт, ар къехъулІэну къимыгъэгугъэми, хьэлэл хуащІырт. Алимырзэ абы къыгуигъэувэжа пхъэтешым пхъэр щызэтралъхьэрт, фызабэхэмрэ унагъуэшхуэхэмрэ пшыныж къыхэмыкІыу зыхуэныкъуэм хуэдиз трашыну Іэмал яІэу, ар пхъэгъэсынми пхъащхьэми.

Дин узэщІакІуэ, усакІуэ Куп Исмел-хьэжы Алимырзэхэ я гъунэгъуу щытащ, абы и жьауэ щІэту къэтэджащ. А цІыху цІэрыІуэм КъурІэн иригъэджауэ еджэкІэ ищІэу, щІэныгъэми игу хузэІухауэ апхуэдэт. КъурІэн къыщеджэкІэ, и макъыр апхуэдизкІэ дахэти, псыхьэ ежьа цІыхубзхэм щІежьар ящыгъупщэжауэ абы едаІуэу я бжьыхь кІапэм щетІысэххэрт, жаІэж. Езы Алимырзэ къызыхэкІари унагъуэ цІыкІутэкъым, и диным къигъэув хьэкъхэм ящыщу хьэжыщІ гъуэгу теувэныр хузэфІэкІынутэкъыми, «хьэж пщІам хуэдэщ гъуэгу хэпшмэ» жаІэу щызэхихым, ДыгъэмыхъуэкІэ уикІыу иджыпсту къуажэ сымаджэщыр здэщытым ипщэкІэ дэкІ гъуэгур, иджыри къыздэсым «Хьэжы цІыкІу и лъагъуэ» жаІэу къежьэгъар, хригъэшауэ щытащ, мэкъупІэм нэхъ дэкІыгъуафІэ хъунщ, жиІэри...

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, Алимырзэ зыхуэдэр къуажэ псом ящІэу, ищІэм пщІэ иІэрэ къыфІэлІыкІыу апхуэдэт. ЩІымахуэр къэмыс щІыкІэ жаІэри пхъэтешым къытралъхьэн пхъэр кърашэхыну Хьэрэкхъуэрэ щІыбкІэ дэкІащ. ЯщІэрт хэкІасэмэ, пхъэгъэсын зимыІэ фызабэхэр гугъу зэрехьынур, пхъащхьэ щхьэкІэ бэлыхь хэхуэн унагъуэшхуэхэр къуажэм зэрыдэсыр. Арати, Шурдымхэ Елмырзэр и ныжьэгъуфІти, ар гъусэ ищІри, Хьэрэкхъуэрэ дэкІащ. Хъарзынэу я Іуэху Іыхьэ кърахьэлІауэ къежьэжри, къехыгъуэм къэсащ. Жэщым щтырыгъу бзаджэ ищІа джабэ нэкІум къытехьэри, куэд ямыкІуу Елмырзэр цІэнтхъуащ. «Уохуэхыр, сыхьэт махуэ теувэн!» - жиІэри Алимырзэ кІэлъыпхъуэри Елмырзэр иубыдыжащ. Пхъэлъэф ящІурэ пхъэр къагъэІэпхъуэу арати, пхъэ сатырыр зэтрагъэзэгъэжу щыкІэщІэрыІэжым, зэрыхъуар Тхьэм ещІэ, пхъэр ебгъунлъэкІри къуэм дэхуащ, пхъэр зэрызэпха кІапсэм зи Іэр къыхудэмыхыжа Алимырзэ здрихьэхри...

Къуажэм гущІыхьэ ящыхъуащ щІалэм и кІуэдыкІар. Абы лъандэрэ а щІыпІэм пхъэлъэф щащІу щызекІуэжыркъым, ауэ и цІэр къытенащи, и гугъур нобэр къыздэсам ящІ. Алимырзэ цІыкІу и щыхупІэкІэ зэджэри Хьэжы цІыкІум и лъагъуэри щІалэщІэ дыдэу дунейм ехыжа Лосэн Алимырзэ и цІэм епхащ. Ауэ псом нэхърэ нэхъ хьэлэмытыжыр Аслъэнбий и псалъэр зэриухарат: «Алимырзэ и гъыбзэр Жылау Барэ жиІэжу куэдрэ зэхэсхащ, едзыгъуэ гуэр къэсщІэжми, псори си гум иубыдакъым». Жылау Бари къуажэ нэхъыжьыфІхэм ящыщу дунейм тетауэ зылІт, ауэ ар дэнэ къисхыжынт. Сызэрыгузавэр къыщилъагъум, зэпигъэувапэурэ мыр жиІащ:

«ЩуІэгъэурэ узыщыгугъа дахэри, сэрмыгъуэ,
Бжэ къуагъ гущэми къахудэмыши,
Зызэ гущэурэ уэ ныпхуеплъэкІри, сэрмыгъуэ,
Нысэимыш мыгъуэурэ уэ къыптохъуахъуи...»

НэгъуэщІ щыхузэмыгъэпэщыжым, Алимырзэ и лъэпкъым си анэшхуэр зэращыщыр иджыри зэ сигу къигъэкІыжщ, абыхэм сеупщІмэ, зыгуэр къагубзыгъыжынкІи зэрыхъунур къызжиІащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, Аслъэнбий и фІыгъэкІэ, зы щІыпІэ и хъыбаррэ ІуэрыІуатэм и зы ныбзэр къэтІэтыжа хъуащ.

Си фІэбэр мащІэу си анэшхуэм деж сыкъэкІуэжу зэхэсхар щыхуэсІуэтэжым, и адэ шыпхъу, Жылаухэ я нысэ ФатІимэт деж куэд дэдмыгъэкІыу дыкІуащ. Си насыпти, ФатІимэт гъыбзэр ищІэжырт, ауэ Шурдым Елмырзэ ипхъу, езым и нысэгъу Жылау Мэряни а уэрэдыр фІыуэ ещІэжри, ари Іуэхум къыхыхьэмэ, куэд щІауэ жамыІа уэрэдыр зэрагъэпэщыжыфынкІэ зэрыхъунур жиІащ. Мэрян дыкІэлъыкІуэу къыщытшэм, абы гу лъыдигъэтащ гъыбзэр жызыІэрейуэ щыта, Алимырзэ и шыпхъу Ладуз и унэ куэдрэ иса Лосэнхэ япхъу, Къэрмокъуэхэ я нысэ Куни зыгуэрхэр ищІэжынкІэ зэрыхъунур. Куни, и цІэ дыдэр Къалэгуащэт, а цІэр абы къыфІэзыщари Алимырзэт, щІэж хъарзынэ иІэу къыщІэкІащ.

Гъыбзэм и нэхъыбэр зэпызыгъэувэжар Жылау ФатІимэтщ. ЕпщІанэ едзыгъуэр Шурдым Елмырзэ ипхъу Мэрянщ. Зыкъом дэкІауэщ 11-нэ едзыгъуэр щыттхыжыфар. Ар къэзыІуэтэжари Лосэнхэ япхъу Шэрхъ Сакинатщ. ФатІимэт къыхидзэу, мыдрей зи цІэ къисІуахэр мащІэу дежьуурэ ттхыжыгъа уэрэдым и зэкІэлъыкІуэкІэ псори жыІэгъуейщ, ауэ нэхъыбэр ФатІимэт зэрыжиІэжам къыхэкІыу, абы и едзыгъуэхэр ипэ идгъэщащ, адрейхэр зэрыттхыжам хуэдэу кІэлъыдгъэкІуэжурэ. Мэжджыхь Аслъэнбий и едзыгъуэр ФатІимэт жиІахэми къахэхуащ.

Гъыбзэм зи цІэр къыхэщ Дамил, Къэрал, Ладуз сымэ Алимырзэ и шыпхъущ, ПІатІурэ Жэхьфэррэ и къуэшщ. Зызэ жыхуиІэр Алимырзэ и адэ къуэшым и щхьэгъусэщ, нысэ къыхуашарэ унэишэр зэфІэмыкІауэ гуауэр къытехъуати, «къыпхуоплъэкІыр, нысэимыш мыгъуэми къыптохъуахъуэ» жыхуиІэр аращ. Шурдым Елмырзэрэ Алимырзэрэ зы гъэшкІэт, зэлъэгуажьэгъут, зы быдзышэ зэдефати, анэкъилъхухэм хуэдэу зэрылъытэу, фІыуэ зэрылъагъуу къызэдэгъуэгурыкІуат.

ГъэщІэгъуэн хъуну къытщохъу Шурдым Елмырзэр щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэу Гъэзалийрэ Барэсбийрэ я адэшхуэу зэрыщытыр жытІэмэ. Уэрэдым зи цІэр къыхэщ Дамили Нэхущхэ я нысащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ уэрэджыІакІуэ Нэхущ Чэрим и адэшхуэм и анэщ.

Алимырзэ щхьэкІэ «щІалэ гуапэт» жаІэ, и гугъу зыщІыжу хужаІэн зиІэ мащІэу къэнахэм. А псалъэхэр гъыбзэм къыхощ. Уеблэмэ, къуажэм бгэрейуэ зы фызабэ дэст, жаІэ, абы ухуэзамэ, Іэмал имыІэу зыбгъэпскІыжын хуейщ, жаІэу. Ара пэтрэ, мо щІалэм и гуапагъэм гъуэгу кърримыту зригъэхъуэхъуфырт, жаІэри яІуэтэж.

Иджы езы уэрэдыр къызэкІэлъыдгъэкІуэнщ.

1. Алимырзэмэ уи пащІэкІитІри, сэрмыгъуэ,
Уей, а махуэмэ данагъуэ-данэпс гущэти,
Уэ Дамил тхьэмыщкІэми нэпсу щІигъэкІ гущэри
Бахъсэныжьхэми уэ йобэкІ гущэри...
Аерирэ, аерирэ рарэ, аерирэ, аерирэ рарэ,
Аерирэ, орирарэ, орирарэ, аерирэ,
Аерирэ, аерирэ рарэ, аерирэ, аерирэ рарэ,
Аерирэ, орирарэ, дунеижьурэ уэ сэрмахуэ...
2. Алимырзэмэ уи шы пщІэгъуалэри, сэрмыгъуэ,
Шэщ щІыІэжь мыгъуэмэ щыбогъэщыгъуэ,
Щыгъуэ щІыІэ мыгъуэри къызылъысари
Уэ Къэралурэ нэпсымыжакъуи...
3. Сырымэурэ си зэпэщІыІухэри, сэрмыгъуэ,
Уей, а махуэмэ сфІызэролъэлъри,
Нэпсурэ къысфІелъэлъэххэми, сэрмыгъуэ,
Си дыщ щхьэнтэри уэ ягъэфыркъэ...
4. ЩуІэгъэурэ узыщыгугъа дахэри, сэрмыгъуэ,
Бжэ къуагъ гущэми къахудэмыши,
Зызэ гущэурэ уэ ныпхуеплъэкІри, сэрмыгъуэ,
Нысэимыш мыгъуэми уэ къыптохъуахъуи...
5. Ладузурэ си тхьэмыщкІэжьыми, сэрмыгъуэ,
Дуней нэху гущэри сыту и жагъуэ,
Пшынэ фІыцІэурэ уэ къызэгуихыми, сэрмыгъуэ,
Къафэ жагъуэ мыгъуэхэр уэ къырегъэкІыр...
6. Алимырзэурэ ди щІалэ гуапэми, сэрмыгъуэ,
Дуней махуэмэ лъапэр къыхэпсэт,
Дунеижьри щызэщІэуфІыцІэми, сэрмыгъуэ,
Уи фэеплъыри хьэдагъэ уджтэкъэ...
7. Уи къуэшыфІхэурэ ПІэтІу, Жэхьфэрхэри,
сэрмыгъуэ,
Уэ мы махуэхэм уеплъынкІэ гуауи,
Анэкъилъхуурэ уи кІэтІий кІапэхэм, сэрмыгъуэ,
Хьэдэшэж гущэхэр уэ къытхуаублэ...
8. Зэкуэфэуэжурэ ныпкІэлъыкъугъ гущэхэм
Шунэху гущэурэ уэ узэрашэти, сэрмыгъуэ,
Нобэ махуэмэ къэнэжа тІэкІуми, сэрмыгъуэ,
Я жьэр къемыхыурэ хьэдагъэ паши...
9. Алимырзэурэ ди щІалэ гуапэми, сэрмыгъуэ,
Хьэрэкхъуэрэ гущэхэр уэ къыбогъанэ,
Анэкъилъхуурэ къыщцыбна бынхэри, сэрмыгъуэ,
Зэлъыхэгъэурэ уэ уахокІыжи...
10. Шурдым и къуэкІэрэ уи Елмырзэ цІыкІури,
сэрмыгъуэ,
Ныбжьэгъу гущэхэм яхэплъагъукІти,
Уи напэлъагъу гущэм нықІэлъеІапэурэ, сэрмыгъуэ
Щыгъуэ пщІантІэхэм уэ ныдокІыжыркъэ...
11. Алимырзэмэ уи пащІэкІитІыри, сэрмыгъуэ,
Жанкъутасурэ дыгъэм полыдкъэ,
Уэ уи хьэдэурэ дыгъэм пэджэгури, сэрмыгъуэ,
Жэнэт нур гущэхэм къызэщІагъаблэкъэ...
12. Дыгъэмыхъуэмэ и Іуащхьэ бынхэри, сэрмыгъуэ,
Дуней махуэмэ уи шыджэгупІэти,
ДжэгупІэжьурэ куэбжэпэм къитхэми, сэрмыгъуэ,
Шыпсыранэ гущэхэр уэ икІэжаи..

**ТАБЫЩ Мурат**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым и щІэныгъэ обозреватель.*







● Хъыбар гуапэ

# Хьэткъуэ Аслъэн хэкум къегъэзэж

**Нэхъыжьыфl зиlэм нэхъыщlэфlи иlэщ жаlэ. Тыркум ис адыгэхэм пщlэшхуэ хуащlу, гъуэгугъэлъагъуэ, чэнджэщэгъу яхуэхъуу яlэщ Хьэткъуэ (Ары) Аслъэн. Ар нобэ Тыркум щылажьэ Кавказ Хасэхэм я зэгухьэныгъэ иныр къызэзыгъэпэща лlы щыпкъэхэм ящыщ зыщ. Мы гъэм и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирикъуащ Аслъэн. Иджыри къыздэсым ди лъэпкъэгъухэм щапхъэ яхуэхъуу, къызыхэкlам хуищl пщlэмрэ адыгэлl нэсым и цlэр зэригъэпэжымрэ и щапхъэу Тыркум щыпсэуащ.**

ИДЖЫ тхьэмахуэ кlуам Хьэткъуэ Аслъэн и гъащlэм мурад нэхъыщхьэу щиlар игъэзэщlащ. Ар хэкужьым щыпсэуну къэкlуэжащ, и гъащlэм щыщу къэнэжар щигъэкlуэну къыхихари Адыгэ Республикэращ, Махуэхьэблэ дэсынущ.

Аслъэнрэ и щхьэгъусэ Сюзаннэрэ (ар Жьэжьейхэ ящыщщ) гуапэу, хуабэу кърагъэжьэжащ я lыхьлыхэм, благъэхэм, ныбжьэгъухэм, КАФФЕД-м хэт я лэжьэгъухэм. Тlуащlэт ар къезыгъэжьэжхэм я гурыщlэр. Гъащlэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэми фlыуэ хэзыщlыкl нэхъыжьыфlыр зэрамыгъунэгъужынур, хэхэс гъащlэм и дыджи, и тыншыгъуи зыгъэунэхуа лlым и чэнджэщхэм зэрыпэlэщlэнур я жагъуэ хъуми, адыгэлl нэсыр и хэкужь зэрыкlуэжым, и мурадыфlыр и жьыщхьэ зэрызригъэхъулlам щыгуфlыкlыу гупышхуэм къррагъэжьэжащ.

Щапхъэу дуней псом щыбгъэлъагъуэ хъунщ Аслъэнрэ Сюзаннэрэ къызэдакlу гъуэгуанэр. Абыхэм зы махуэ ягъэгъуэщакъым адыгэ лъэпкъым къызэрыхэкlар, адыгэ lуэхур lэщlыб зы махуэ ящlакъым. Дэнэ къалэ щымыпсэуами, абы Хасэ щызэхашэрт, адыгэу дэсыр зэхуашэсырти, зэрагъэцlыхурт. Сюзанни Хасэ унафэщlу щытащ, Аслъэнти, хамэ къэрал щыlэ хасэхэм я зэхэшакlуэт. Тlуми щlэныгъэ нэхъыщхьэ яlэу лэжьыгъэ lэнатlэ пэрытт, абы емылъытауэ Хасэ лэжьыгъэри зэфlахырт.

Абыхэм я къаруилъыгъуэм, Хасэхэр къыщызэрагъэпэщ зэманым Тыркум и политикэ ухуэкlэр нэгъуэщlт. Зи бзэкlэ псалъэр, зи лъэпкъ lуэху зезыхуэр хьэпсым ирадзэрт. Абы и лъэныкъуэкlэ гугъуехь куэдым хэтащ зэщхьэгъусэхэр, итlани къызыхэкlам епцlыжакъым, къыщlадзэ lуэхур и кlэм намыгъэсу зэи къэнакъым. Лэжьыгъэ lуэхукlэ къалэ зыбжанэм щыпсэун хуей хъуати, абы къалэну зэфlахар къэлъытэгъуейщ. Ауэ нэхъыщхьэр Тыркум щыlэ Кавказ Хасэхэм я федерацэ Анкара къызэрыщызэlуахаращ.

Хьэткъуэ Аслъэн 1984 гъэм КАФФЕД-м и тхьэмадэу хахащ. Зэрылэжьа илъэсхэм къриубыдэу шынэ имыщlэу и лъэпкъэгъухэр зэрихъумэным, бзэм, хабзэм зэрыхуиущииным, адыгэр адыгэу къызэтенэным и гуащlэ хилъхьащ. А lуэхухэм щхьэкlэ лlы щыпкъэм куэдрэ хьэкум тращlыхьащ, суд пащхьэ иувэн хуей хъуащ. Ауэ зэи къикlуэтакъым. Аслъэнщ Адыгэхэм я щыгъуэ-щlэж махуэм хэхэс адыгэхэм дауэдапщэ иращlэкlыу къезыгъэжьар, иужькlэ ар хабзэ дахэ хъуауэ, нобэ полицэхэри властри къапэщlэмыувэу илъэс къэс ирагъэкlуэкl.

2018 гъэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэр Тыркум щрагъэкlуэкlыну дыкlуауэ ДАХ-м и унафэщlхэр Хьэткъуэ Аслъэн и унагъуэ ихьащ икlи адыгэ lуэхум зэрыхэлlыфlыхьам, и гъащlэ псор абы зэрытриухуам папщlэ Сэхъурокъуэ Хьэутий абы фlыщlэ хуищlри, ДАХ-м и дамыгъэ нэхъыщхьэмрэ Щlыхь тхылъымрэ иритауэ щытащ.

Хьэткъуэ Аслъэнрэ Сюзаннэрэ зы къуэрэ зыпхъурэ - Жансэтрэ Жанбэркрэ - яlэщ. Нобэ ахэр къыщалъхуа къэралым къинами, я адэ-анэр гуфlэу къррагъэжьэжащ, адэм и гухэлъ нэхъыщхьэр къызэрехъулlам я нэпсыр къригъакlуэу.



# Музейм зыплъыхьакlуэхэр и бэщ

**2021 гъэм и бадзэуэгъуэм зыплъыхьакlуэхэр куэду къекlуэлlащ Кфар-Камэ (Израиль) дэт адыгэ музейм. Абы и унафэщl Тхьэухъуэ Зухьер зэрыжиlэмкlэ, гъэмахуэ мазэр егъэлеяуэ хуабэу щытащ, ауэ абы щхьэкlэ къэмынэу цlыху ямэщlакъым.**

● Израиль



ИЗРАИЛЫМ кlуэ зыгъэпсэхуакlуэхэм ящыщ куэд Кфар-Камэ дохьэ, нэхъыжь дыдэу дунейм тет лъэпкъхэм ящыщым и тхыдэр, щэнхабзэр, хабзэр щахъумэ, адыгэ макъамэр щызэхэпх музей пщlантlэм. Дэтхэнэ хьэпшыпми щlэупщlэ иlэщ, абыхэм я тхыдэр цlыкlуи ини яфlэгъэщlэгъуэнщ. Зухьер зэрыжиlэмкlэ, абы и щхьэусыгъуэр музейм щlэлъ экспонатхэр ди адэжьхэм я щlэин дыдэу зэрыщытырщ, лlэщlыгъуэ гъуэгуанэ къызэпачауэ ди нобэрей гъащlэм къызэрысарщ. Къищынэмыщlауэ, туристхэм яфlэгъэщlэгъуэнщ адыгэ фащэр, lэщэр, макъамэ lэмэпсымэхэр, нэгъуэщlхэри.

Зыплъыхьакlуэхэм я процент блыщlыр Израилым ис журтхэращ. Абыхэм я нэхъыбэр адыгэм и хъыбар зэзыгъэщlэну хуейхэрщ. Процент 14 хуэдизыр хьэрыпщ. Ахэри я гуапэу къакlэлъокlуэ, адыгэмрэ муслъымэнымрэ ягу дохьэри, нэхъ гъунэгъуу зрагъэцlыхуну, я къекlуэкlыкlам зыщагъэгъуэзэну хуейуэ апхуэдэщ. Адрей къэнар, къэралым къихьэ туристхэращ - итальян, урыс, нэгъуэщl лъэпкъхэрщ.

lуэхукlэ Тель-Авив, Иерусалим кlуа зы адыги кlуэж къыщlэкlынкъым, Кфар-Камэ дэс и лъэпкъэгъухэмрэ адыгэ музеймрэ зримыгъэлъагъуу.

Журтхэми далъагъу хабзэ гъэщlэгъуэн - музейм зэ къэкlуа журтым lэмал имыlэу зыгуэр къыздишэнурэ къытригъэзэнущ. Е апхуэдэу зэ щыlахэм я ныбжьэгъухэм, я благъэхэм жраlэжри: «Зэхэтхащ музей гъэщlэгъуэн зэрыщыlэр», - жаlэурэ макlуэ.

Музейм и мыхьэнэр хуабжьу инщ. Сыт щхьэкlэ жыпlэмэ, зы сыхьэтым къриубыдэу цlыхухэм абы къыщащlэр университетым щебгъэджкlэ яфlэмыгъэщlэгъуэнынкlэ хъунщ. Абы екlуалlэр ар зэзыгъэлъагъуну зи нэ къикlращ, музейр зей лъэпкъыр нэхъ гъунэгъуу зэзыгъэцlыхуну хуейращ. Мис абы тынш, гъэщlэгъуэн ещl ди лъэпкъэгъухэм ирагъэкlуэкl лэжьыгъэр. А музейр - журтхэм яхэс ди лъэпкъэгъухэм я хъугъуэфlыгъуэр щахъумэ уардэунэщ.





# Адыгэбзэр къэрал куэдым щадж

● Жылагъуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыбзэу щылажьэ адыгэбзэр, мащlэми куэдми, анэдэлъхубзэу зыlурылъ ди лъэпкъэгъухэр хамэ къэрал щэ ныкъуэм щlигъум щопсэу.**

НОБЭ тегъэчыныхьауэ жыпlэ хъунукъым апхуэдиз къэралым адыгэбзэр щащlэу е щаджу, ауэ ар щылажьэ, абы щелэжь къэралхэр щыlэщ. Псалъэм папщlэ, адыгэбзэр щадж Куржым и Тбилиси къэрал университетым, Швецием щыlэ Мальмё университетымрэ Люнд университетымрэ, Нидерландхэм я Лейден университетым, Канадэм - МакМастер университетым, Австралием щыlэ Квинсленд университетым, нэгъуэщl къэралхэми. Ауэ абыхэм адыгэбзэр зэрыщаджыр нэхъыбэм зытещlыхьар къэхутэныгъэ лэжьыгъэрщ, нэгъуэщlу жыпlэмэ а университетхэр къэзыуххэм нэгъэсауэ адыгэбзэр ящlэу щыткъым, атlэ адыгэбзэм и теорием и кlуэрабгъухэм щагъэгъуазэу аращ. Арами, адыгэбзэр щlэныгъэ утыкум итыным хуэщхьэпэ lуэхушхуэ ялэжь а еджапlэхэм.

Абыхэм къащхьэщокl Тыркум адыгэбзэр джыным и lуэхур университетышхуитlым зэрыщыщекlуэкlыр: я адыгэбзэ къудамэхэр къэзыуххэр адыгэбзэр курыт еджапlэхэми университетхэми щезыгъэдж егъэджакlуэуи щlэныгъэлlуи лэжьэфынущ. Къудамэхэм щеджэхэм апхуэдэ лъэкlыныгъэ яlэнымкlэ, щlэныгъэ куу ягъуэтынымкlэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкlуэкl Хэкум икlа егъэджакlуэхэм.

Адыгэбзэмкlэ къудамэхэр Тыркум и университетхэм къызэрыщызэlуахам нэгъуэщl мыхьэнэи иlэщ: абы а къэралым щыпсэу адыгэхэр игъэгушхуащ, адыгэбзэр, адыгэ хабзэр, адыгэ щэнхабзэр мыкlуэдыжу щlэблэщlэр щlэпlыкlа хъунымкlэ гугъапlэшхуэ адыгэм къаритащ.

2021 гъэ еджэгъуэщlэм,Тыркум и Дюзджэ университетыр къапщтэмэ, адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и къудамэм шыщхьэуlум и 5-м щегъэжьауэ 20 хъуху щlэтlысхьэну хуейхэм я дэфтэрхэр къыlах. Кавказ Щlыбым щыщу а еджапlэ нэхъыщхьэрщ Адыгэбзэмрэ литературэмкlэ япэу къудамэ къызэlузыхар. Абы япэ студентхэр 2013 гъэм щlэтlысхьэри, 2017 гъэм егъэджакlуэ хьэзырхэр къыщlигъэкlауэ щытащ. Мыбы щеджэр Тыркум ис адыгэхэм я закъуэкъым, атlэ дэнэ къэрал къикlари щlотlысхьэф, къищынэмыщlауэ, зи бзэр нэсу зэзыгъэщlэну, абы ирилэжьэну хуейхэм я мызакъуэу, адыгэбзэр бзэ щlэныгъэу зыдж нэгъуэщl лъэпкъ къыхэкlахэри щолажьэ.

*Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар*
**НЭЩlЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

## Хъэуан фо

Хъэуаныр фІыуэ хъуауэ къыхах, псы щІыІэкІэ ятхьэщІ, хъыдан гъущэкІэ ялъэщІыж, тІууэ зэгуаупщІыкІ, жылэр кърахри яупщІатэ, и фэр трагъэж, хъэуаныку къэнам псыр къыщІаху. Абы щхьэкІэ псыщІэху, лыхьэж къагъэсэбэп, е бинтым кІуэцІалъхьэри къыщІакъузыкІ. Хъэуаныпсыр кхъузанэ щабэкІэ язри, кІэструлкІэ мафІэм трагъэувэ. МафІэр ин ящІри, и щхьэр темыпІауэ къагъавэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. Ар зэ къызэрытекъуалъэу зэІащІэ, къимыкІын щхьэкІэ. Къытекъуэлъар дакъикъи 5 - 6 дэкІмэ къикІыжынукъым, къэкъуалъэу тетынущ. ЩІимысыкІын щхьэкІэ, хъэуаныпсыр бэлагъкІэ зэІащІэ. Абдежым къыщыщІэдзауэ ар Іув хъууэ хуожьэ. МафІэ мыгуащІэм тету дакъикъэ 48-кІэ къавэмэ, хъэуаныпсым и пщтырагъыр градуси 105 - 106-рэ мэхъу. Мис абы и ужькІэ фор хьэзырщ. Ар гъуэжь-фІыцІафэу, Іуву, зэпышу щытщ.

Фор кхъузанэ щабэкІэ яз, тІэкІу ягъэупщІыІу, хьэкъущыкъу гъущэм иракІэри, и щхьэр ягъэбыдэж.

*Халъхьэхэр:* хъэуан укъэбзауэ - г 1000, абы фо хьэзыру къыхокІ - г 130-рэ.

## Лэпс зэщІэт, джэдыл, кІэртІоф, хугу хэлъу

Джэд гъэкъэбзар тыкъыр цІыкІуурэ зэпауд, яупщІатэ я хьэлъагъыр г 45 - 50 хъууэ. Псы хуабэкІэ тІэу-щэ ятхьэщІ, шыуаным иралъхьэри, псы щІыІэ щІакІэ, мафІэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. Шыгъу хадзэ, шыуанышхьэр трапІэри, мафІэ щабэм тету тхъурымбэр къытрахыурэ ягъавэ дакъикъипщІ-пщыкІутху хуэдизкІэ.

ИтІанэ зэпэплІимэ цІыкІуурэ упщІэта кІэртІофыр халъхьэри зэІащІэ, шыуанышхьэр трапІэри, мафІэ щабэм тету дакъикъих-икІэ ягъавэ. Абы зэІащІэурэ хугу лъэсар хакІутэ, шыуанышхьэр трапІэжри хьэзыр хъуху - дакъикъэ 15 - 20 хуэдизкІэ ягъавэ.

Шыуаныр мафІэм къыпэрахыж, пэшхьэкубгъум деж трагъэувэри, бжьын гъэлыбжьа традзэ. И щхьэр трапІэри, дакъикъитху-хыкІэ щагъэт, нэхъ ІэфІ хъун, мэ гуакІуэ къыщІыхьэн щхьэкІэ. ЗэрызэщІэту пщтыру фалъэ куукІэ Іэнэм трагъэувэ. ЩІакхъуэ е чыржын дашх.

*Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):* джэдылу - г 150-рэ, псыуэ - г 700, кІэртІоф укъэбзауэ - г 60, хугуу - г 20, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз. *Бжьын гъэлыбжьам:* тхъу гъэвэжауэ - г 20, бжьынышхьэ укъэбзауэ - г 20, шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

## Зи щхьэ зыфІэмыдэхэж щыІэкъым

**♦ЗэдэмыпсэуитІ зэнтІэІуркъым.**
**♦Зэз зи бзэгу телъым ІэфІ щымыІэж къыфІощІ.**
**♦Зи бзэ текІуэда куэд кхъэм щІэлъщ.**
**♦Зи лІэгъуэ къэсам и мыхьэл къещтэ.**
**♦Зи мылъку зыфІэкІуэдам хуэгуІи, зи акъыл зыфІэкІуэдар гъеиж.**
**♦Зи щхьэ зыфІэмыдэхэж щыІэкъым.**
**♦Хьэм и кІэм утеувэмэ, къодзакъэ.**
**♦Щыгъын хьэху нэхърэ - щыгъын фаджэ.**
**♦ЩІалэ ебгъэлъагъур и гъуэгущ.**
**♦ЩІэ ягъэІущ щхьэкІэ, жьы яущиижрэ?**

## Делэрэ губзыгъэрэ я зэхуаку

Зыгуэрым и къуэш делэр делэщым ишат, яритыну. Нэсхэри, губзыгъэр гъущІ куэбжэ лъагэм еІэу уващ, Іуихыну. Зи, хуІухыртэкъым: еІащ - ІукІакъым, аргуэру еІащ - ІукІакъым!

Щымыхъуххэм, делэр къэпсэлъащ:

- Мо щІыІу плъыжь цІыкІу хуэдэ хэгъэбыдам текъузэт...

Къуэш губзыгъэм делэм жыхуиІам трикъузэри, гъущІ куэбжэ абрагъуэр Іэуэлъауэшхуэ ищІу къызэІужащ.

Делэрэ губзыгъэрэ я зэхуаку блын дэткъым.

## УмэжэлІауэ къыщІэкІынщ

Зи щхьэгъусэр лэжьакІуэ дэкІа ХьэкІулинэ пщэдджыжьышхэр зэфІэкІыу цІыкІухэр еджапІэм иутІыпща нэужь, унэр тІэкІу зэлъыІуихщ, зи ныбжьыр илъэс иримыкъуа и щІалэ нэхъыщІэр и Іэблэм тригъэтІысхьэри, уэршэракІуэ ежьащ. Гуэщым белыкІ зыупсу щІэс тхьэмадэм абы зыри жриІакъым, сабийм тІэкІу къыдэджэгуа мыхъумэ.

ХьэкІулинэм къимыгъэзэжурэ, махуэр фІыуэ хэкІуэтащ.

Ауэрэ, шэджагъуэ нэужьми нэсащ. Бжьэпэм тет дзэл жыг баринэшхуэм и щІагъ удзыпцІэ жьауапІэм фыз уэршэрым яхэсу щІэс ХьэкІулинэр къыщызэплъэкІым, гу лъитащ и тхьэмадэ къыІухьам. ЛІыжьым и Іэпэм фІэдзат хъуржын цІыкІу, зы щІакхъуэ Іыхьэшхуэ, кхъуей цІынэ никъуэфІ, игъэвыкІауэ джэдыкІэ зытІущ, псыІэфІ птулъкІэ илъу.

- Мэ, тІу, нышэдибэ лъандэрэ уныдыхьэжакъым, умэжэлІауэ къыщІэкІынщ, - хуишиящ абы гъуэмылэр нысэм.

## Ныбжь

- Уузыншэщ, уи къару илъыгъуэщ, итІани...- гукъанищэр хуэсщІрэ жезмыІэ щымыІэу соущие нэхъыщІэм. - Бетэмал, а уэ уи ныбжьым иджыпсту сэ сыкъихутэжамэ, плъагъунт сщІэр!

- НтІэ, сэ си ныбжьым уитакъэ уэ?!

- Абы щыгъуэ уэ а уи щхьэм иджыпсту илъым хуэдизщ сысейми илъар!

**ХЬЭХ Сэфарбий.**

## Псыщхьэ мылыр зы махуэкІэ хъуркъым Іув

Делэр бущийуэ уи жьэр иумыгъэш, шэдым жылэ тепсэкІэ къытекІэнкъым мэш.

* * *

Зи гугъэжым цІыху цІэрыІуэу куэдрэ щІэщхъу къыщощІ... Щыгъынышхьэ щызытІагъэм псори къеплъ къыфІощІ.

* * *

Нэхъыжым пэрыуэм сыт мыгъуэр и махуэ? И гугъэжщ ЩІалэгъуэм сытым дежи захуэу!..

* * *

Нэхъ ерыщу дызыпылъыр ди Іуэху лъэпкъи зыхэмылъырщ, дэни хэтІуу ди бэлагъыр, - сыту тфІэфІ-тІэ а делагъэр!

* * *

Нобэ зыри къомыфыгъуэм, жыІэгъуейщ уи Іуэхур щІагъуэу, ар къэпщІэну зэуэ гугъуми, къэгъуэтыж езым уи дагъуэр.

* * *

Пэжым псэр ебгъэсэжамэ, пцІым уегъащтэ - ухуэзамэ.

* * *

Псыщхьэ мылыр зы махуэкІэ хъуркъым Іув, «Сэ псори сощІэ!..» - жыпІэу укъысхуэмыув!

* * *

Темылъ укІуэд бэзэрым фІыгъуэу, - щокІуэкІ Іиблис и хьэгъуэлІыгъуэр.

* * *

Уопсэури уэ утету дыгъужь хабзэм, жыбоІэр ахъшэм хуэмыщІэн щымыІэу, атІэ щхьэ къыумыщэхурэ зы псэ къабзэ, зы гу хьэлэл, Іущыгъэ - уэ уимыІэр?

* * *

ЦІыхум и насыпыр зыхимыщІэ, бгъэдэлъыпэми - къыхуэмыцІыху, ар абы щебакъуи - къыхуэмыщІэ, ІэщІэкІам - уэлбанэщ, пщІащэпыхущ...

**ХЬЭТУ Пётр.**

# Псалъэзэблэдз




***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Гъавэ къэкІыгъэ. **4**. Пхъэм къыхабзыкІа бжэмышхышхуэ. **6**. Дыгъужьри бажэри зэщакІуэ псэущхьэ лъэ псынщІэ. **8**. Гъэгъа Іэрамэшхуэ хужьхэр хъуэпсэгъуэу къызыпыкІэ, ди щІыпІэм щыкуэд жыг. **9**. ДжэдыкІэ ... **10**. ЦІыхубзхэм зыкІэралъхьэ хьэпшып цІыкІу. **13**. Хывым нэгъуэщІу зэреджэ. **14**. Куэд щІауэ щыт бжыхьыр ... хъуащ. **19**. Хъарбыз ... Е зыгуэрым и фІыпІэ. **20**. Я бийхэм яйуэ, зауэм щытекІуахэм къаІэрыхьэ хъугъуэфІыгъуэхэр. **21**. Псы Іуфэ мывалъэпшахъуалъэ. **22**. Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я щІыналъхэм щыІэ псыежэх. **24**. Совет Союзым, Европэм, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытІэу щытекІуа адыгэ шууей ... Жамбот. **26**. Уэлбанэми уаеми ущызыхъумэ, ди зэманым щІагъуэу зэрамыхьэж цІыхухъу щыгъын хуабэ. **27**. Чы ... Е гъавэ, ерыскъыхэкІ зралъхьэу щыта кумбыгъэ. **28**. ТхакІуэ цІэрыІуэм и цІэкІэ ... дахэ зэхашащ. **32**. ... из хъужыркъым. **34**. Уи щхьэ мыузым ... къыумышэкІ. **35**. Адыгэ композитор Іэзэ. **36**. Унэм ибгъу. **37**. Узыдэмыхьэ къуэладжэ ... дэзщ. **35**. ЦІыху уэд.

***Къехыу:*** **1**. Шым и кІуэкІэ. **2**. ... налъэ. **3**. Іэпкълъэпкъ зэрытыпІэхэр зэрызыгъэІыгъ, къупщхьэмрэ лымрэ зэпызыщІэ. **5**. Узыпхымыплъыф хьэуа. **7**. ... -махуэми, си унэ никъуэщІыр и кІэм нэзгъэсыжащ. **11**. Бжэгъу кІыхь, къурагъ гъум. **12**. ЛІы ефа жеижам и ... макъ къоІу. **13**. Къэбэрдей тхакІуэ, журналист. **15**. Кърымым, Азие Курытым щыІа къэралыгъуэхэм я Іэташхьэхэм зэреджэу щыта. **16**. Хэку зауэшхуэм и зэманым бийм ерыщу пэщІэта Къалэ-лІыхъужь, быдапІэ. **17**. Волгэ псым адыгэхэр зэреджэу щыта. **18**. ... ныбжьыщІэхэр школ пщІантІэм щызэрызохьэ. **23**. ... щытхъуи, щІэр къащтэ. **24**. Ди адыгэ тхакІуэ, усакІуэ зыбжанэм фІаща хамэцІэ. **25**. ЗекІуэ ежьа шу гупым я кІэм ит. **26**. ЛІыхъужьым пщІэ, ... хуэфащэщ. **29**. ЦІэрыІуэ хъуа «Данэ бэлътоку» уэрэдми, нэгъуэщІ зыкъомми макъамэ хуэзытха уэрэдус, уэрэджыІакІуэ, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист Къашыргъэ ... **30**. Адыгэ театрым и джэгуакІуэу щыта, Лениным и ролри, нэгъуэщІ куэди Іэзэу зыгъэзэщІа, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист. **31**. Мэлыхъуэ пщыІэ. **33**. Нарт хъыбархэм къызэрыхэщымкІэ, Іэщхэм я тхьэ. **35**. Нартыху ... е дыгъэ ...

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

### Шыщхьэуіум и 7-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Къазмакъ. **4**. Ныбжьэгъу. **7**. Курыт. **8**. Йорк. **10**. Инат. **11**. Бдзы. **12**. Напэ. **15**. Хьэзыр. **16**. Хьэрып. **19**. Псыдыуэ. **20**. Тхъу. **21**. Ущ. **22**. Бемырзэ. **25**. Сыбыр. **26**. Благъуэ. **30**. Жэпкъ. **32**. Къру. **33**. Гъашэ. **34**. Гъунэгъу. **36**. Щабэ. **37**. ЩІэрыкІуэ. **38**. Щхьэдыкъ.

***Къехыу:*** **1**. Къабзий. **2**. Мурат. **3**. Къат. **4**. Ней. **5**. Борэн. **6**. Гъуэншэдж. **9**. Гудзэ. **13**. Бырс. **14**. Хьэлу. **15**. Хьэнтхъупс. **17**. Пхъэщабэ. **18**. АдрыщІ. **23**. Ерыщ. **24**. Залэ. **27**. БжэхуэщІ. **28**. Къурш. **29**. Сэрмакъ. **31**. Къанлы. **33**. Гъыбзэ. **35**. Гъуджэ. **36**. Щыщ.

# Кавказыр зэщIагъэхьэнущ

**Пономаренкэ Г. Ф. и цIэр зезыхьэ Краснодар филармонием фокIадэм и 21-м щекIуэкIынущ Ленинград щIыналъэм и къэрал симфоние оркестрым и концертышхуэ. «Черкесский альбом» зыфIаща пшыхьыр «Симфония Кавказа» гастроль турым щыщ зы Iыхьэщ. Абы щыIунущ IуэрыIуатэр зи лъабжьэ макъамэхэр, Мосолов Александр, Ряузов Сергей, ХьэIупэ ДжэбрэIил, Къэбэрдокъуэ Мурат сымэ я IэдакъэщIэкIхэр.**

КРАСНОДАРДЭСХЭМРЭ абы и хьэщIэхэмрэ я пащхьэ гъуазджэ нэс къызыхьэну симфоние оркестрым и художественнэ унафэщIыр икIи и дирижёр нэхъыщхьэр Санкт-Петербург щыщ маэстрэ, КъБР-м и цIыхубэ артист Голиков Михаилщ. Апхуэдэу абы хэтынущ ди республикэм щIыхь зиIэ и артист, «Голос-8» зэхьэзэхуэм щытекIуа Бэрбэч Аскэр, Адыгей Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ, Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я Санкт-Петербург къэрал филармонием и уэрэджыIакIуэ пажэ Чэныб Нэфсэт, композитор, пианист цIэрыIуэ, композиторхэм я «Партитура» урысей зэхьэзэхуэ иным и «Киномузыка» унэтIыныгъэм щытекIуа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист Къэбэрдокъуэ Мурат сымэ.

Зи гуащIэр ди къэралым къыщалъытэ классикэ гуп нэхъыфIхэм ящыщ, урыс лъэпкъ гъуазджэм и хабзэхэр хуэсакъыпэу зыхъумэ симфоние оркестрым мызыгъуэгукIэ утыку кърихьэнущ ди лъэпкъ цIыхубэ макъамэр езым зэрилъагъу щIыкIэр. Адыгэхэм я IуэрыIуатэ лъэпкъ макъамэм куэд щIауэ увыпIэшхуэ щеубыд оркестрым и творчествэм. Голиков Михаил зэрыжиIэмкIэ, ар фIэгъэщIэгъуэн хъуащ «Симфония Кавказа» Iуэхум япэу щыхэта лъандэрэ. Аращ абы, композитор щIалэхэр и гъусэу, партитурэхэр зэхуихьэсыжыным, зэфIэгъэувэжыным лэжьыгъэшхуэ щIрихьэлIар. А Iуэхугъуэм и фIыгъэкIэ «Симфония Кавказа» проектым и лэжьыгъэм къыпещэ, адыгэ лъэпкъ гупсысэр зи лъабжьэ макъамэхэм дунейпсо щэнхабзэм и гъунапкъэщIэхэр къызэIуахыуи къелъытэ.

Щэнхабзэ мыхьэнэ ин зиIэ зэхыхьэр оркестрым къызэригъэпэщынымкIэ щIэгъэкъуэн хъуащ Ленинград щIыналъэм щэнхабзэмрэ туризмэмкIэ и комитетыр.

«Черкесский альбом»-м зрезыгъэхьэлIэну хуейхэм абы зэрыщIыхьэну билетхэр концертыр щекIуэкIыну филармонием и кассэм, Краснэ уэрамым тет 154-нэ унэм, апхуэдэуи KASSIR.RU онлайн кассэм къыщащэхуфынущ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**




# Прохладнэдэсхэр япэ ирегъэщри, Амир Налшык къегъэзэж

● Футбол

**Элиста щыIэу абы и «Ураланыр» хигъащIэри Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэхэм футболымкIэ я чемпионатым (УФ-м и ещанэ дивизионым) пашэныгъэр щиубыдыжащ Прохладнэ и Энергетик»-м. Ар куэдкIэ и фIыгъэщ а зэIущIэм я хьэрхуэрэгъухэм топитI щахудигъэкIыу ди щIалэхэр тезыгъэкIуа Бажэ Амир. Бэрэжьей кIуам гъуащхьауэ цIэрыIуэр «Спартак-Налшыкым» хагъэхьэжащ икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр абы хэту адэкIи ихъумэнущ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Иорданием и командэ нэхъ лъэщхэм ящыщ «Аль-Ахьли»-м илъэскIэ щыджэгуауэ къигъэзэжащ ди гупым и капитану хэкIа гъуащхьауэ Iэзэм.**


«Энергетик»-р йобгъэрыкIуэ.


Бажэ Амир

БАЖЭ Амир топджэгум дихьэххэм фIы дыдэу яцIыху. Щалъхуа икIи футболым япэ лъэбакъуэхэр щыхича Арщыдан къуажэм щригъажьэри, ар Мэзкуу и «Спартак»-м, Белгород и «Салют»-м, Воронеж и Факел»-м, Пензэ и «Зенит»-м, Владивосток и «Луч-Энергия»-м щыджэгуащ икIи дэтхэнэ зыми лъэужь дахэ къыщигъэнащ.

Аруан щIыналъэм хыхьэ Арщыдан къуажэм Бажэ Амир 1988 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 15-м къыщалъхуащ. Пасэу топ джэгун щыщIидзащ а щIыпIэм и «Бедик» командэм. Япэ тренеру иIар а Iуэхур фIыуэ зылъагъу икIи кууэ хэзыщIыкI и адэ Бажэ Хьэутийщ. И адэ къуэш Дотии къуажэми республикэми хуабжьу щыцIэрыIуэ футболистт.

И ныбжьыр илъэс пщыкIутI хъуа къудейуэ, 2001 гъэм, Амир къэралым и къалащхьэм къыщыхутащ. Мэзкуу и «Спартак»-м и футбол школым зыщызыгъэсэну сабий гуп къащтэрти, и адэ къуэш Бажэ Дотий абы къыщригъэплъыну ишащ. Кавказым щыщ Iэбыдэлъэбыдэ щIалэ цIыкIур занщIэу ягу ирихьащ икIи къащтащ.

Бажэ Амир Мэзкуу и «Спартак»-м и щIалэгъуалэ гупым хагъэхьащ и ныбжьыр илъэс пщыкIух иджыри иримыкъуауэ. Абы и капитану мызэ-мытIэу къэралым и чемпион хъуащ икIи топ куэд я хьэрхуэрэгъухэм яхудигъэкIащ, гъуащхьауэ щIалэщIэхэм я зэпеуэм щытекIуэу. КъищынэмыщIауэ, ираджащ зи ныбжьыр илъэс пщыкIубл иримыкъуахэр зыхэт Урысей Федерацэм и ныбжьыщIэ командэ къыхэхам. Апхуэдизу лъэщу абыи хэзэгъати, зэIущIи 8-м топи 6 щыдигъэкIат. Дауи, IэщIагъэлIхэми тренерхэми гу къылъатащ икIи хуабжьу набдзэгубдзаплъэу къыкIэлъыплъу хуежьащ. Амир зэфIэкI псори иIэт къэралым и футболист нэхъыфIхэм ящыщ зы къыхэкIыну. АрщхьэкIэ спортым и хабзэ ткIийхэм ящыщщ, ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ къахэкIыу цIыхур балигъхэм щахыхьэр. ЗакъуэтIакъуэщ ар тэмэму къызэхъулIэр.

МылъкукIэ и Iуэхухэр зэIыхьэу «Спартак-Налшыкым» премьер-лигэри къыкIэлъыкIуэу япэ дивизионри ибгына иужькIэщ Бажэ Амир Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ нэхъыщхьэм къыщрагъэблэгъэжар. ЗанщIэуи ар гупым и пашэ хъуащ. 2014 гъэм щыщIэдзауэ Амир командэм и капитану щытащ икIи абы лъандэрэ зэIущIэ 98-рэ налшыкдэсхэм яхэту иригъэкIуэкIащ. Арщыдан щIалэм абыхэм топ 20 я хьэрхуэрэгъухэм щахудигъэкIащ.

Бажэ Амир и хъыбарыфI щыIуар Хэкужьым и закъуэкъым. Хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэри абы и зэфIэкI лъагэм щыгъуазэу къыщIэкIащ икIи 2019 гъэм Иорданием и командэ нэхъ лъэщхэм ящыщ «Аль-Ахьли»-м яшащ. Иджы «Спартак-Налшыкым» къигъэзэжащ, иужь лъэхъэнэм абы уэру къыхыхьа ди щIыпIэм къыщалъхуа икIи зыщызыгъэса щIалэгъуалэм и зэфIэкIымрэ IэзагъымкIэ ядэгуэшэн, ахэр тригъэгушхуэу футболым и гъуэгу бгъуфIэм тригъэувэн папщIэ.

- СогуфIэ «Спартак-Налшыкым» сыкъызэрыхыхьэжам папщIэ, - къыджиIащ Амир. - НэгъуэщI щIыпIэхэми сыкъыщыщIидзыфынут, арщхьэкIэ уи унэжь хуэдэ щыIэкъым. Си къару псори есхьэлIэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр къэралпсо утыкум нэхъри щыIэта хъун папщIэ.

Ди гуапэщ Бажэ Амир къызэригъэзэжар. И къарумрэ зэфIэкIымрэ нэсу зэфIигъэувэжын папщIэ мы илъэсым и пэщIэдзэм ар Прохладнэ и «Энергетик»-м хыхьат икIи Урысей Федерацэм и ещанэ дивизионым щыпашэ хъунымкIэ хуабжьу къахуэсэбэпащ, мыхьэнэшхуэ зиIэ топ зыбжанэ и хьэрхуэрэгъухэм яхудигъэкIри. Иджы ардыдэр «Спартак-Налшыкым» къыщыпоплъэ.

Мы илъэсым и пэщIэдзэм хыхьэу Бажэр зи пашэ хъуа Прохладнэ и «Энергетик»-м Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэхэм футболымкIэ я чемпионатым фIы дыдэу зыкъыщегъэлъагъуэ. ШыщхьэуIум и 4-м Элиста щызэхэта иужь зэIущIэм абы и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт пашэныгъэр къыдэзыгуэш Нэзрэн и «Ангушт»-м щхьэщыкIын папщIэ. Ар хуабжьу жыджэру ди щIалэхэм ирагъэжьащ икIи джэгум и япэ Iыхьэм Бажэ Амир тIэунейрэ зэкIэлъхьэужьу (28-нэ, 35-нэ дакъикъэхэм) хэгъэрейхэм топхэр щахудигъэкIам прохладнэдэсхэм текIуэныгъэр зэраIэрылъхьэр наIуэ хъуащ. Апажэ Ислъам ар щIигъэбыдэжри, «Энергетик»-р 3:2-уэ «Уралан»-м Элиста щытекIуащ.

А махуэм дыдэм «Динамо-Дагестан»-м Мэхъэчкъалэ щыдэджэгуа «Ангушт»-м очкоитI фIэкIуэдащ, зэIущIэр зэрытемыгъэкIуауэ, 0:0-у, иухри. Абы и фIыгъэкIэ «Энергетик»-м и закъуэу бжьыпэр иубыдыжащ. Пэжщ, нэзрэндэсхэм зы зэIущIэкIэ нэхъ мащIэ ирагъэкIуэкIащ икIи ди щIалэхэм къалэщIыхьэжыну иджыри Iэмал яIэщ.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм зэхъуэкIыныгъэ гуэри къыщыхъуакъым. БлэкIа джэгугъуэм къыщыхэжаныкIакъым абы бжьыпэр щызэдэзыIыгъ Иуан Азрэтрэ «Ангушт»-м и пашэ Алиев Бэчхъанрэ. Абыхэм я хьэрхуэрэгъухэм топ бгъурыбгъу зэрыхудагъэкIауэ къэнэжащ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

***Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэхэм футболымкIэ и чемпионатым (УФ-м и ещанэ дивизионым) зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **«Энергетик»** | **11** | **9** | **0** | **2** | **28-10** | **27** |
| 2. | «Ангушт» | 10 | 8 | 1 | 1 | 26-7 | 25 |
| 3. | «Динамо-Дагестан» | 12 | 6 | 2 | 4 | 20-19 | 20 |
| 4. | «Уралан» | 12 | 4 | 4 | 4 | 18-14 | 16 |
| 5. | «Нахичевань» | 9 | 4 | 3 | 2 | 17-12 | 15 |
| 6. | «Дербент» | 11 | 4 | 2 | 5 | 12-19 | 14 |
| 7. | «УОР-Дагестан» | 10 | 3 | 2 | 5 | 7-13 | 11 |
| 8. | «Динамо-М» | 13 | 2 | 5 | 6 | 21-26 | 11 |
| 9. | «Волгарь-М» | 9 | 1 | 4 | 4 | 8-15 | 7 |
| **10.** | **«Волгарь-Ю»** | **11** | **1** | **1** | **9** | **12-34** | **4** |

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 1.839
Заказ №1806